ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЗГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№74 (21.732) ● 2010 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 24, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъунапкъэр хьэщІэхэм кьыззпаупщащ.

Хлопонин Александрэ Кьанокьуэ Арсенрэ я зэпсэльэныгъэ.

Майский кьалэм дэт музейм.

Ди газетым зэрытетащи, Урысей Федерацэм и Правительствэм и вице-премьер, УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ округым щыІэ Хлопонин Александр зэращІэу кІуащ зэчыІэщІэхэр щагъэхьэщІыжащ.

УнэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэр ягъэбелджылы

Мэлыжьыхьым и 22 - 23-хэм КъБР-м щыхьэщІащ Хлопонин Александр

КъБР-м и Президент **Кьанокьуэ Арсен** я пашэу, республикэм и унафэщІхэм гъунапкъэм деж хьэщІэр щыгъэблэгъащ, **Хлопонин Александр** зэращІэу кІуащ унэльащІхэр щагъэхьэзырыну Бахъсэн кьалэм нэгьабэ щАхуха «Джехьэ» урысей-тырку Іуэхущапэмрэ яджырей технологие нэхъыфІ дыдэхэр къыщагъэсэбэп теплицэ комплексым и япэ чэзумрэ.

Мылъку зэхэлъкІэ ящІа «Джехьэ» фабрикэр мы зэкІэ и пльэгагъ псомкІи ирамыгъэжьами, абы и цех Іэхуитлъэхуитхэм цыхуи 160-рэ щолажьэ, фІагъ льагэ зиІэ унэльащІэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьыщІагъэкІыурэ, Европэм и щэхуакІуэхэм хурагъащІэ. И Іуэхур нэгъэсауэ зэтеувэмэ, дэлэлхэм я Іуэхутхьэбзэхэр хэмыту, предприятэм и Іэдакъэщіэкіхэр Урысейм и щыпІэ псоми щащэнущ, кІэралым и рынокым хуэфащэ увыпІэ щиубыдынущ. Фабрикэм цыху 600-м нэблагъэ ІэнатІэкІэ кьыззригъэпэщынущ, улахуэфІ яритынущ. Іуэхущапіэм и шхапІэр, зытхьэщІыпІэхэр, хьэщІэщыр УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэм игу ирихьащ. Хлопониным кьыхилъхьащ офисхэм папщІэ Бахъсэн кьыщыщІагъэкІ унэльащІэхэр зэращэхунэм и тхылъхэр ягъэхьэзырын папщІэ, фабрикэр кьыщыззІуахыну махуэм Кавказ Ищхьэрэ республикэхэм я унафэщІхэр кьрагъэблэгъэну.

ИуэкІэ полномочнэ лІыкІуэр «Агро-Ком» теплицэ хозяйствэм кІуащ, и лэжьэкІэм, кьыщагъэсэбэп технологиехэм, хадэхэкІэр зэращэ щыкІэм зыхигъэгъуэзащ. Абы жраІащ щэным гугъуехь гуэрхэр зэрыпымыльыр, нащэмрэ помидорымрэ я нэхъыбэр нэгъуэщІ щІыпІэхэм зэрырагъашэр. Хлопонин Александр щІэупщІащ хадэхэкІ кьыщІэчагъащІэхэмкІэ республикэм и ерджапІэхэмрэ сабий гъэсапІэхэмрэ кьыззрызэрагъэпэщащ. Бахъсэн районадминистрацэм и Іэтащхьэ **Кьаздэхьу Альберт** кьызэригъэльэгъуамкІэ, теплицэм и унафэщІэхэр егупсасауэ, школэхэри хьыжьу, щыпІэ рынокым щыщ Іыхьэ Іэнатіэ цыкІуэхэрэ фермерхэмрэ кьыхуагъанэ. Мы зэманым «Агро-Ком»-м помидорыр гектари 10-м щетэжІ, нащэми апхуэдизэ еубыд. Псэуалъэ ягъэхьэзырам хадэхэкІхэр гектар 30-м щызэхьэныр кьыхуэзгъэпэщыщыр, цыхуэхэр Іэнатіэкіэ кьыззрагъэпэщын папщІэ, фермер хозяйствэхэм зэрызегъэуэжьыпхэр. «Округым щыІэ Іэнатіэхэм ягбгъэдэль зэфІэкІым елыытауэ, рынокым кьигъэувхэм тету, ерыскьыпхьэхэр кьэлэжьыныр зэтеублэн хуейщ, - жиІащ Хлопонин Александр.

Полномочнэ лІыкІуэм зэрыжиІамкІэ, щІыналъэм зэрызиужьынум и Унэтіынытъэр егутъуу ягъэхьэзыр. Абы теухуауэ эксперт совет кьызэрагъэпэщащ, Кавказ Ищхьэрэ республикэхэм я министерствэхэм, ведомствэхэм йочэнджэщ, дэтхэнэ щІыналъэми и Іуэху зыІутыр, иІэ хэкІыпІэхэр зрагъашІэ, ядж. Хьэщ1эм аргуэру щхьэхуэу кьыхигъэщащ унэтІынытъэ нэхъыщхьэхэр зыхуэдэр. Ахэр энергетикэм, туристрекреацІэ, агропромышленнэ комплексхэм, егъэджэнымъэм екьэлІаехэрщ. Хлопониным кьызэрилытэмкІэ, республикэхэр гугъуехь нэхъыбэ хэзыгъэтыр энергетикэм и Іэнатіэрщ. Зэрыжиламкіэ, а Іуэхум елэжьыну комиссэ щхьэхуэ кьызэрагъэпэщынущ.

Турист бизнесыр республикэм дежкІэ зэкІыпІэшхуэу зэрыщытыр икІи абы теухуа проектхэр Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ округым зэрызиужьынум и программэм зэрыхахъхьэнур и фІэщ зэрыхьар кьигъэлъэгъуащ.

Полномочнэ лІыкІуэм щалэгъуалэм я Іуэхуэр тэмэму унэтІынытъ кьалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу кьелытэтэ. «Щыпсэунур, щыгъэжьнур, и республикэм и зыужьынигъэм хищІыхьыфынур абыхэм ягурыдгъэІуэн хуейщ, - кьыхилъхьащ Хлопонин Александр.

Кьахуеблэгъа хьэщІэхэм фІыщІэ яхуищІри, КъБР-м и Президент **Кьанокьуэ Арсен** кьигъэльэгъуащ экономикэм нэрылъагъуэ зэрызиужьыр. Кьапщтэмэ, бюджетым хуэдизи 2,6-кІэ хэхъуащ, дотацэу кьратыр процент 54-м нэс ирагъэхащ, улахуэмкІэ щІыхуэ ятелькъым, социальнэ кьалэнхэр мыІейуэ ягъэзащІэ, ауэ республикэм и цІыхухэм инвестицэу кьалэрыльхэр кьэралым икІи игу зэрыщытым идкІыри нэсакьым. Абы кьыхэжІыну, инвесторхэр кьешэлІымкІэ кьадэІэпыкьуну щІэльэІуащ, ди щІыналъэм апхуэдизэм щытыкІэ тэмэм кьыщыхуэзгъэпэщынущ. Кризисым и зэранкІэ республикэм кьрат финанс трансфертыр процентри 10-кІэ ягъэмэщІащ. Кьанокьуэ Арсен зэрыжиламкІэ, ар Къэбэрдей-Балъкъэрым кууэу зыхимыщІами, проект зыбжанэ кьызэрагъэмыгъэувыІэу хьуакъым. Ар полномочнэ лІыкІуэм ельэІуащ «Урысей Ищ1э» Федеральнэ программэ хэхам тету, ягъэзащІэ проектхэр и кІэм нагъэсыныкІэ закьыщигъэкьуэну. Президентыр гулыІэтэ хуищІу тепсэльыхьащ хьэрычэт Іуэху цыкІум и зыужьыкІэм, абы игъуэт дэІэпыкьуныгъэм, социальнэ кьалэнхэр гъэззщІа зэрыхьум, цІыхуэхэр ІэнатІэкІэ кьызэгъэпэщыным хуэунэтІауэ щыІэ хэкІыпІэхэм, кьэрал властым и кьудамэхэр зэрызэдэлажьэм, нэгъуэщІхэми.

* * *

УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ, Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ округым щыІэ **Хлопонин Александр** Къэбэрдей-Балъкъэрым щигъэкІуа етІуанэ махуэр кьыщыщІидзар ТекІуэныгъэм и стелэм дежщ. Абы удз гъэгъахэр тральхьэри, республикэм и унафэщІхэмрэ хьэщІэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым кІуащ.

Еджапіэм и щІыхьэпІэм кьыщыззрагъэпэща гъэльэгъуныгъэм КъБКъУ-м и ректор **Кьэрэмырзэ Барэсбий** хьэщІэхэр щигъэтъуэзащ университетым щекІуэкІ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ, щэныгъэ лэжьыгъэхэм, абы и ехьулІэныгъэхэм, зэрылажьэ программэхэм я зэхэлъыкІэм, КъБКъУ-м и щІэныгъэлІэхэм я зэфІэкІхэм, медико-биологие кьэхутэныгъэхэм, еджапІэм иІэ дунейпсо зэпыщІэныгъэхэм, щІэныгъэлІ ныжьыщІэхэм зэхальхьа проектхэм, нэгъуэщІхэми.

АдэкІэ КъБКъУ-м и щІэныгъэлІэхэм я советым и зэхуэсхэр щагъэкІуэкІ пэшым Хлопонин Александр щаІуащІащ еджапІэ нэхъыщхьэм и студентхэм, егъэджакІуэхэм, профессорхэм. Зэіущіэм хэтащ КъБР-м и Президент **Кьанокьуэ Арсен** , КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Меркулов Александр**, КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Іэтащхьэ **Жамборэ Владимир**, УФ-м и федеральнэ инспектор КъБР-м щыІэ **Вербицкий Алексей**, министрхэр.

ЗэІущІэр кьыщыззІуихьым, Хлопониным жиІащ УФ-м и Президентми Правительствэм и УнафэщІми кьагъэува кьалэнхэр кьэлпльытэмэ, Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ округым зегъэужьынымкІэ лэжьыгъэшхуэ кьаззэрыпэщыльыр.

- Си дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ щІэныгъэм, щІалэгъуэлэм ехьэлІауэ ди республикэхэм щыщыІэ щытыкІэм, - жиІащ Хлопонин Александр. - Абы ипкъ иткІэ, хэгъуэгу псоми сащыхуозэ студентхэм, егъэджакІуэхэм, щІэныгъэлІ ныжьыщІэхэм, профессорхэм. ДызыхэпсэукІ лъэхъэнэм идкыредй щІалэгъуалэ элитэ зэдгъэпэщыныр япэ игъэщІпхъэу кьызолытэ, лъэбакьуэ нэхъ псынщІэкІэ дыбэкъуэн папщІэ. Урысейм щІэныгъэ и Іуэныкьуэкіэ зыІэригъэхьа екьулІэныгъэхэм хэлЫфІыхьащ зи цІэр дуней псом щыІуа, кавказ лъэпкъхэм кьахэкІа щІэныгъэлІхэр.

Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ округым и социально-экономикэ зыужьынигъэм и стратегие зэхэтлъхьэу зэман гъунэгъуэм УФ-м и Правительствэм и пащхьэ нэхъ псынщІэкІэ дыбэкъуэн папщІэ. Урысейм щІэныгъэ и Іуэныкьуэкіэ зыІэригъэхьа екьулІэныгъэхэм хэлЫфІыхьащ зи цІэр дуней псом щыІуа, кавказ лъэпкъхэм кьахэкІа щІэныгъэлІхэр.

Нобэ спъэгъуащ КъБКъУ-м лъабжьэ лъэщ зэрирэр, ауэ ди жагъуэ зэрыхьуцІи, псоми ди зэхуэдэ щыщІэныгъэр зыщ - иужьрей илъэсхэм ахъшэр щІэнныгъэ тщІыбгъ зедгъэсащ, ауэ щІэныгъэр ахъшэ тхуэщыщыр кьым. Щ1эныгъэ лэжьыгъэ купщІафІэ кьуэдиІэщ, ауэ ахэр кьхытхуэгъэсэбэпыркьым, иджыри кьыздэсым хамэ кьэрал Іэмэпсымэхэрщ дызэрылажьэр, я машинэхэрщ дызэрысыр...

(КІэухыр 2-нэ нап.).

«Агро-Ком» теплицэ Іуэхущапіэр кьапльыхь.

Хлопонин Александр иргъэкІуэкІ КъБР-м зэрызиужьынум теухуа Іуэхугъуэхэр щызэпкрах зэІущІэ. *Сурэтхэр* **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

ЗэгурыІуэжьркъым

Бельгием и кьэрал унафэр зыІэщІэлъ партхэр егъэлеяуэ зэгурымыІуэж хьэщ1 дыгъуасэ льандэрэ – хэхакІэу округхэр зэрагъащІыхьэ щыкІэращ абы щхьэусыгъэ яхуэхьуар.

Яп1э гупым ядакъым а округхэр зы бзэкІэ псалъэ, зы лъэпкъ щхьэхуэ кьызэщІаубыдэу гуэшныр. ЕтІуанэ гупым ар округхэм я кьызэгъэпэщыкІэ нэхъыщхьэ хьэн хуейуэ кьагъэув. Ахэр зыхуейр кьайхьулІэмэ, бзитІ щытепщэ Бельгиер (франджыбзэмрэ голландыбзэмрэ) Іыхьитіу зэгуэкІа хьунущ. ІэЗт щекІуэкІкІэ, хамэбзэкІэ псалъэ щІагъуэ кьаэзмыхьэу, лъэпкъ кьэс зи тельхьэр гурыІуэгъуэ хьунущ.

А Іуэхур Бельгием апхуэдизкІэ щызэщІэпльащи, правительствэр зэбграгъэкІыжьным нэсащ, абы и унафэщІым кьулыкъым тратъэкІыну щІэлъэІуу зэригъэм кьыхэкІыу. Пащтыхьыр зэкІэ а лъэІум хэплъакъым.

Ильэс 31-кІэ

Босниемрэ Герцеговинэмрэ зауэлІ щІэнхьаджэхэмкІэ я судым игъэтІысащ серб полицейуэ щыта щыхуитІ. Сребреницэ мусылъмэнхэр щызэтезыукІа гупым зэрыхэтам кьыхэкІыу, ильэс 31-рэ дэтхэнэми трилъхьэри.

Аркъыщхьуар 1995 гъэращ. ЯгъэтІысахэр абы щыгъуэ полицэм и кьудамэ кьыхэхам щылажьэрт. Мусылъмэн жылагъуэхэм а кьудамэр теуэри, цІыхуэу, ныбжьыщІэ 1000-м щІигъу яубыдащ икІи псори зэтраукІащ.

Іэмалыщ1э

США-м хьэршым иутІыпщащ зауэ Іуэхуэхэм телажьэ Х37В аппаратыщІэр.

Ар орбитэм мазибгъукІэ щагъэлажьэ, автопилотым и Іэмалкі Калифорние щыІэ базэм кьыщыгъэтІысхьащ. Ар ну я гугъэщ. А Іуэхум гъэщІэгъуэну хэлъращи, кхъухьлъатэр щІыху имысу хьэршым щылэжьэнущ икІи кьетІысэхыжьнущ. США-р илъэсипщІкІэ елэжьащ апхуэдэ аппарат зэпкърылъхьэным. Иджы США-м и ВВС-м ахъшэ хуеутІыпщ апхуэдэ етІуанэ кхъухьлъатэри ящІыным. Абы и уасэр зыхуэдизыр жаІэркъым, ауэ гурыІуэгъэщ ар мелуан бжыгъэ зэрыхъур.

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 24, *щэбэт*

♦ ЩІалэгъуалэм я зекъуэтынигъэм и дунейпсо махуэщ

♦ Астрономием и дунейпсо махуэщ

♦ 1915 гъэм Уэсэри пащтыхьыгъуэм зэтриукІа ермэлыхэм я фэепль махуэщ

♦ Мэлыжьыхьым и 24 - 25-хэм Вашингтон (США) щызэхэтынущ Дунейпсо банкымрэ Дунейпсо валютэ фондымрэ я унафэщІхэм я гъэтхэ зэІущІэ.

♦ 1222 гъэм Дышэ Ордэм и хьан Батый Кавказ Ищхьэрэм кьытеуэри, адыгэхэмрэ аланхэмрэ я щІыр кьиззуащ.

Мэлыжьыхьым и 25, *тхьэмахуэ*

♦ Зэныбжьэгъу хьуа кьалэхэм я дунейпсо махуэщ

♦ 1945 гъэм совет, америкэ дзэхэр Эльбэ и деж щызэІущІащ.

♦ Чуваш1ыбзэм и махуэщ

♦ Адр-анэм я махуэр Кьалмыкъым щагъэлъапІэ.

♦ 1920 гъэм Налшык япэ медицинэ Іуэхущапіэр кьыщызэІуахащ.

Мэлыжьыхьым и 26, *блыщкъэ*

♦ Радиацэмрэ насыпышагъэмрэ хэкІуэдахэм я фэепль махуэщ

♦ 1986 гъэм Чернобыль атом электростанцыр кьэуащ.

♦ 1991 гъэм «ЛІэй зытехьа лъэпкъхэр гъэзэкІуэжьным и Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Законыр кьащтащ.

♦ Мэлыжьыхьым и 26 - 30-хэм Страсбург (Франджы) щекІуэкІынущ Европэм и Советым (ПАСЕ) и Парламент асамблеем и гъатхэ зэхуэс.

♦ Люксембург щызэІущІэнущ Евросоюзым хэт къэралхэм зыхъумэжьныгъэмкІэ я министрхэр.

Планэтэр зыкъыгъэзыгъар **ГЪУЩІО З арифи.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ТэмакъкІэщІыр щІогъуэж

Шахматым и лъахэ Налшык

Налшык иджы ещанэрэ шахматым и дунейпсо утыку хьуащ - мэлыжьыхьым и 25-м щегъэжьауэ нахьыбэм и 7 щІондэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм щекІуэкІынуц ФИДЕ-м и сауГъэт нэхъыщхьэр (Гран-при) зыІэрыгъэхьэнымкІэ бзылъхугъэхэм я шахмат зэхьэзэхуэ.

АБЫ ХЭТЫНУ ди щІыналъэм кьеблэгъэнущ кьэралибгъум щыщ шахматисткэ нэхъ лъэщхэр. Абыхэм ящыщ куэдыр ди щІэджыкІыуэхэм я нэІуасэщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ, 2008 гъэм шахматымкІэ дунейпсо чемпионату Налшык щекІуэкІа хьарзынэу зыкъыщыщыгъэзагъэхуэу щыта Конеру Хампи (Индие), Юфан Хоу (Китай), Косинцевэ Татьянэ (Урысей), Крамлинг Пиа (Швеци), Мкртчан Лилит (Армение) сымэ. Абыхэм я къэрхуэрэгъуэхэм иджы яхэтщ Дзагнидзе Нанэ (Грузие), Кэю Жао (Китай), Чень Жоу (Китай), Даниелян Елена (Армение), Бахтэр Мангонтуул (Монголие), Бетул Юлдуз (Тырку), Кокованова Баирэ (Урысей) сымэ.

Фигу къэдгъэкІыжьыщи, 2008 гъэм и щыщхьэу - фокІадэ мазэхэм Налшык щекІуэкІа дунейпсо зэхьэзэхуэм Урысейм щыщ шахматистКэ Костенюк Александрэ щытекІуэри, «Шахматым и дыщэ Іэкъэр» ди къэралым кьызэуихыжащ. 2009 гъэм и мэлыжьыхьым Гран-при зыІэрыгъэхьэнымкІэ щІыхуэхуэм я еплІанэ турнирым пашэ щыхьуар ермэлы гроссмейстер Аронян Левонщ.

Иджырей зэхьэзэхуэм и арбитр нэхъыщхьэу ягъэувар Стойсавлевич Савэщ (Сербие), абы и дзэпльхьэгъуэщ Элиста (Къалмыкъ Республикэ) щыщ Абушинов Александр, техническэ чэнджэщІгъур - Александрие Нанэщ (Грузие). Зэхьэзэхуэр зэрекІуэкІымкІэ аппелящэ комиссэм и унафэщІыр Мазуз Лакдарщ (Германие), пресс-секретарыр Мухаметов Елдарщ (Москва).

Къыпльхугъэжьа и шахмат зэхьэзэхуэр кьыззрызэІуах гуфІэгъэуэ пшыхьыр мэлыжьыхьым и 25-м сыхьэт 19-м щІидзэнущ.

КОНАКОВ Хьэсэн.

● ЩІэныгъэ

Тхьэмахуэ къэс зэ

Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкІ щІэныгъэ-къэхутэкІэ институтым иджыблагъэ щекІуэкІа ЩІДАА-м и Президиумым и нэІэ щІэту тхьэмахуэ къэс зэІущІэ зэрагъэпэщ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ семинархэм ятеухуа зэІущІэ.

КъБР-м и аграрнэ ІэнатІэм, абы и щытыкІэм, хэпІэ гъуэхьхэм, зыужьыныгъэм и къэрым кууэу зыхимыщІами, проект зыбжанэ кьызэрагъэмыгъэувыІэу хьуакъым. Ар полномочнэ лІыкІуэм ельэІуащ «Урысей Ищ1э» Федеральнэ программэ хэхам тету, ягъэзащІэ проектхэр и кІэм нагъэсыныкІэ закьыщигъэкьуэну. Президентыр гулыІэтэ хуищІу тепсэльыхьащ хьэрычэт Іуэху цыкІум и зыужьыкІэм, абы игъуэт дэІэпыкьуныгъэм, социальнэ кьалэнхэр гъэззщІа зэрыхьум, цІыхуэхэр ІэнатІэкІэ кьызэгъэпэщыным хуэунэтІауэ щыІэ хэкІыпІэхэм, кьэрал властым и кьудамэхэр зэрызэдэлажьэм, нэгъуэщІхэми.

* * *

УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ, Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ округым щыІэ **Хлопонин Александр** Къэбэрдей-Балъкъэрым щигъэкІуа етІуанэ махуэр кьыщыщІидзар ТекІуэныгъэм и стелэм дежщ. Абы удз гъэгъахэр тральхьэри, республикэм и унафэщІхэмрэ хьэщІэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым кІуащ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

■ ЗэІущІэхэр ■ Дифі догъэлъапІэ ■ Малъхъэдис

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Си бзэ - си псэ, си дуней Щбэт кьыдэкІыгъуэ

● Футбол

Урысейми, Италиеми, Испаниеми кьыщагъэлъэгъунущ

Урысей Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэм и ехэнэ джэгуГъэм хиубыдэу Москва и «Спартак»-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ» ди къэралым и кьалащхьэм мэлыжьыхьым и 25-м щригъэкІуэкІыну зэІущІэр куэдым афІэхьэлэмэтщ.

БГъэнейрэ УФ-м и чемпион москвадэсхэмрэ мыгъэрей зэхьэзэхуэм джэгуГъуипІ хьуауэ пашэныгъэр щыІэныгъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэмрэ я зэІущІэр сыхьэт 14-м эфир занщІэкІэ кьигъэлъэгъуэнущ Урысейм и Япэ телеканалым.

Кьыщынэмыщ1ауэ, «Спартак»-хэм я зэІущІэм щыкІэлъыплъынущ Италиемрэ Испаниемрэ. Абыхэм я телеканал нэхъыщхьэхэм ар кьагъэлъэгъуэну Іэмал кьезыт хуитыныгъэ зыІэрагъэхьащ.

Дыщыгуг1ынщ премьер-лигэм зэрыхэтрэ «Спартак-Налшыкыр» зыпэмыльэщ «Спартак»-м и джэгуГъэм и ехьулІэныгъэ ирикІи кьэралымрэ Европэмрэ ди пщІэр нэхъри кьыщаІэтыну.

ЖЫЛАСЭ Замир.

УнэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэр ягъэбелджылы

Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым и Іэухуэхэм щыгъуазэ зыхуеІ.

(КІэухыр. Пэщідэздзэр 1-нэ нап.).

Студентхэм я упщІэхэм жэуап яритыну эзэрыфІэнгъэу хьэщІэм кьыщыхилъхьэм, и кІуликІым зэрыпэрыувэрэ ди хэгъуэгур, абы щыпсэу лъэпкъэр зэрызригъэщІыхурэ Кавказ Ищхьэрэм зэрыхуащытым зихьужьаръ зимыхьуэжарэ щІэупщІащ ныбжьыщІэхэр.

- Абы сыхьэт зкІэ сытепсэлъыхьыфынущ, - жиІащ Хлопониным. - Сльагъумрэ ящэм кьыдзэрыслъхьэу щытамрэ зэщхькьым. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, Краснодар, КьуэкІыпІэ Жыжьэм, Москва, нэгъуэщІ щІыналъэхэми щыпсэ уэрэм Кавказым щІыхухэр щызэзауэу телевизоркІэ щалъагъукІэ, ар я фІэщ мэ хуІ.

Сэ сыкьапщтэмэ, Кавказым сриІыхуущ зыкьыІэрысщыхьужьр. Мыбы щыщІэ хабзэм, щІыхугъэм, щэнхабзэм нэгъуэщІ куэдым зыхуагъэсэн хуейщ. Гугъуэхь Іумыіуэ щІыналъэ щІэкъым - ар кьыІэбнэкІыфын хуейуэ аращ. ЩІыпІэ дахэхэмкІэ, зыгъэпсэхупІэ гъуэзэджэхэмкІэ жьулей Кавказыр зыхуэбгъэдэн щыІэхэхэкьым, лэжьапІэ ІэнатІэхэр нэхъыбэу кьыІэІупхрэ, щІэныгъэм нэхьри зебгъэужьмэ, сызэреплъымкІэ, лъэпощхьэпор машІэщ. «Кавказ Ищхьэрэм уэзрыхуущытым зихьужьаръ», жиІащ. Сэ си щхьэгъусэр курыжьы лъэпкъым кьыхэкІащ, кьэзуха университетым и ректорыр адыгэщ, Кьаноокъуэ Арсен си ныбжьэгъу нэхъыфІхэм ящыщщ... Зихьужьэхьн хуейуэ щытхьым, нэхъ спэгъуэнэгъу хьэуэу аращ.

- Иджыпсту дэнэкІи щызэхэпхыр Кавказ Ищхьэрэм зиужьыным теухуа программэ зэхэлыр зэрагъэхьэзырырщ. А программэм егъэджэныгъэ Іуэхур кьыз эрыщыгъэпсэлъэрыр. Мыбы щыщІэ хабзэм, щІыхугъэм, щэнхабзэм нэгъуэщІ куэдым зыхуагъэсэн хуейщ. Гугъуэхь Іумыіуэ щІыналъэ щІэкъым - Хлопонин Александр. - Щалъэгуалэ политикэр къэралракьым зэфІэзыгъэувэр, атІэ езы щалэгъуалэрщ. Фызэкьуэуэвэу фызыхуейхэмрэ фызыхущІэкъуэхэмрэ убзыхуауэ унафэщІхэм я пащхьэ ифлъхьэн хуейщ. Сытым дежи апхуэдэущ кьызэрекІуэкІыр: жьылагъуэ зэгуэхьныгъэхэм щІыхубзм я жэрдэмжьвоІь. Сэ си щхьэкІэ зэрыгъэуІури, властым и пащхьэ иральхьэ. Нобэ жьилагъуэр щхьэхьэнщ, езыми зыри кьиІугупсысыркьым, кьыжраІэри ищІэну хуейкьым. Ауэ щалъэгуалэр апхуэдэу жэрдэмыныщэу щыт хьунукьым, сыт щхьэкІэ жьиІэмэ, ахэращ зэманым екІуу дэбакьуэр, Интернетыр Іэрыхуэу кьэзыгъэсэгэпыр, хьыбар нэхъыбэ зыщІэр. Фи гупсысэщІэхэмрэ кьэжІуныум фызэреплъымрэ нэхъ жьыдкэру кэралым, властым я пащхьэ ифлъхьэмэ, нэхъ псынщІэу зыдужьынущ.

Къэралыр Іэщлагъэлъу зыхуеІм хуэдиз ягъэхьэзырэ, Іэнатіэ Іуагъэувэу зэрыщытам ещхьу Іуэхур зэтеублэжьы-ным; Федеральнэ къэрал университет, Кавказ Ищхьэрэм кьыщызэІуихыным; цІыхум и хуитныныгъэм ехьэлІа хабзэхэр зэримыщІэр гьэзэжьуэжа хьуным полномочнэ зІыкІэу зэрепльым, нэгъуэщІхэми щІэупщІащ студентхэр икІи щІыналъэ унафэщым жэуапхэр кьаритащ.

Хлопонин Александр адэжкІэ яІуащІащ щІэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакІуэхэм. Абдеж хьэщІэм щыжиІащ щэнхабзэр, лъэпкъ хабзэхэр сыт хуэдэ Іуэхуми кьежьапІэ зэрахуэхьур, щэнхабзэншэу экономикэ зэрыпсэуным, зэрыпсэуэфІэмыгъэувэнур. Сыт Урысейм эрран ящ эхьур Кавказыр зищІысыр кьыгурыІуэныжькІэ? Кавказыр зыхуэдэр Урысейм щІримыгъэльагъуфым щхьэ усыгъуэ хуэхьур сыт? Абыхэм тхакІуэхэр, усакІуэхэр, щІэныгъэлІхэр, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэр зэрегупсысыр зригъэщІэнырт Хлопониныр абыхэм щІалъщІар.

ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей академием и Къэбэрдей-Балькъэр щІэныгъэ центрым и унафэщІ **Иуан Петр** жиІащ Кавказым кьыхуэІэ щытыдэр хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэм кьагъэльагъуэ Іуэхугъуэхэм кьыІэрыхэкІыр, кьищынэмыщІауэ, унафэщІхэм яІэщІжІ щыуагъэхэм кьыІэрашэр. КъБР-м ЩэнхабзэмкІэ и фондым и тхэмадэ **Вэрокьуэ Владимир** кьыщыпсальэм кьыхигъэщащ Сочэ щекІуэкІыну олимпиадэр кьыщыІэзэгъэпэщІкІэ абы адыгэхэм гулыІэ щыхуащІын зэрыхуейр, апхуэдэуи Кавказ Ищхьэрэм зыхуей хуээа федеральнэ телевиденэ кьыІэрыщІыІэзгъэпэщІыпхьэм тепсэлъыхьащ. ЗыгъэпІейтей Іэухуэр, я мурадкэр, ахэр гъашІэм хэпща зэрыхьуну Іэмалхэр, Хлопонин Александр хуэгъэзэ хьуэхьу, фІыщІэ псальэхэр кьыхэщу зэІуІщэм кьыщыпсэльащ ЩэнхабзэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ кьэрал институтым и ректор **Рахаев Анатолий**, КъБР-м и Тхаджэхэм я союзым и тхэмадэ **Кьуэуэ Іуфэ Хьэчим**, КъБКъМА-м и ректор **Жэрыкьуэ Борис**, Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балькъэр щІэныгъэ институтым и унафэщІ **Бгъэжьнокьуэ Барэсбий**, КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Фырэ Руслан** сымэ.

КъБКъУ-м щекІуэкІа зэІуІщІэхэм я ужькІэ Хлопонин Александр журналистхэм яхуэзащ. Телевиденэм, радиом, газетхэм я лэжьакІуэхэм я упщІэхэм жэуап щІритым, хьэщІэм жиІащ ди республикэр, абы и цІыхухэр игу зэрырихьар.

- Къэбэрдей-Балькъэрыр нэхъ псынщІэу зызыужь хэгъуэгуэм яІащщ, - жиІащ абы. - Сигу ирихьащ мыбы щыпсэхэм я мурадхэмрэ тегушхуэныгъэмрэ, республикэм и гъашІэм хэпщІу хьун Іуэхугъуэ куэдым гу лъызагъэтащ. Нэхьри ефІэкІуэн папщІэ Іуэхугъуэ куущІафІэхэр кьыхэзыгъэсэжьыр, куущІафІэу зэрекІуэкІар жиІэри, ар кІэщІу кьытеувыІащ блэкІа ильэсым зэпеуэм кьрикІуа ехьулІэныгъэхэм, абы егъэджакІуэ, школакІуэ куэд щІэуэ кьызэрыхьыжьам, дерс хьэлэмэтхэмкІэ, класс щІыб лэжьыгъэфІхэмкІэ, гъэлъэгъуэныгъэ Іуэщ ІэгъуэнхэмкІэ кьулейуэ зэрыщытам.

АдэжкІэ Балэм псальэ иритащ **Хьэфыщ Іэ Мухьэмэд.**

- Хуабжьу си гупсэщ нобэрей зэІуІщІэм мыпхуэдизу егъэджакІуэрэ школакІуэрэ кьыхэзырихьэлІар. Фи нэгум соплъри сольагъуэ абы кьрих дэрэжэгъуэмрэ нэжэгужагьымрэ икІи кьыхэгуроІуэ а псори ди анэдэлъхубзым хуиІэ лъагэныгъэщхуэм и нэщэнэу зэрыщытыр, - жиІащ ХьэфІыщІэм. - Апхуэдэу сыщогуфІыкІ «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм зэрызнужьым. ИпэкІэ ар адыгэбзэкІэ фІэкІа еІуэжІыу щымытащ, и лэжьа балъкъэрбзэкІи урысыбзэкІи зэпоуэ, ди лъэпкъэгъуэхэр щыпсэу гъунэгъу щІыналъэхэри кьыхохьэ. Апхуэдэ Іуэху зехьэкІэм Іэмал кьыдет лъэпкым и цІыхухэр утыку ихьэу я анэдэлъхубзэм, ехьулІэныгъэ зэрыпсэуным, Федеральнэ къэрал университет, Кавказ Ищхьэрэм кьыщызэІуихыным; цІыхум и хуитныныгъэм ехьэлІа хабзэхэр зэримыщІэр гьэзэжьуэжа хьуным полномочнэ зІыкІэу зэрепльым, нэгъуэщІхэми щІэупщІащ студентхэр икІи щІыналъэ унафэщым жэуапхэр кьаритащ.

Хлопонин Александр адэжкІэ яІуащІащ щІэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакІуэхэм. Абдеж хьэщІэм щыжиІащ щэнхабзэр, лъэпкъ хабзэхэр сыт хуэдэ Іуэхуми кьежьапІэ зэрахуэхьур, щэнхабзэншэу экономикэ зэрыпсэуным, зэрыпсэуэфІэмыгъэувэнур. Сыт Урысейм эрран ящ эхьур Кавказыр зищІысыр кьыгурыІуэныжькІэ? Кавказыр зыхуэдэр Урысейм щІримыгъэльагъуфым щхьэ усыгъуэ хуэхьур сыт? Абыхэм тхакІуэхэр, усакІуэхэр, щІэныгъэлІхэр, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэр зэрегупсысыр зригъэщІэнырт Хлопониныр абыхэм щІалъщІар.

ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей академием и Къэбэрдей-Балькъэр щІэныгъэ центрым и унафэщІ **Иуан Петр** жиІащ Кавказым кьыхуэІэ щытыдэр хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэм кьагъэльагъуэ Іуэхугъуэхэм кьыІэрыхэкІыр, кьищынэмыщІауэ, унафэщІхэм яІэщІжІ щыуагъэхэм кьыІэрашэр. КъБР-м ЩэнхабзэмкІэ и фондым и тхэмадэ **Вэрокьуэ Владимир** кьыщыпсальэм кьыхигъэщащ Сочэ щекІуэкІыну олимпиадэр кьыщыІэзэгъэпэщІкІэ абы адыгэхэм гулыІэ щыхуащІын зэрыхуейр, апхуэдэуи Кавказ Ищхьэрэм зыхуей хуээа федеральнэ телевиденэ кьыІэрыщІыІэзгъэпэщІыпхьэм тепсэлъыхьащ. ЗыгъэпІейтей Іэухуэр, я мурадкэр, ахэр гъашІэм хэпща зэрыхьуну Іэмалхэр, Хлопонин Александр хуэгъэзэ хьуэхьу, фІыщІэ псальэхэр кьыхэщу зэІуІщІ

●ДифI догъэлъапIэ

ЩIДАА-м и академик Джырандокъуэ Михаил и гъащIэ купщIафIэр 70

Республикэм и щэнхабзэм зегъэужьным хэлъхьэныгъэшхэр хуэзыщIа IэщIагъэлIэм ящыщ УФ-мрэ КъБР-мрэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат, ЩIэныгъэ хэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт Джырандокъуэ Михаил Къэмэзэт и къуэр. Ди щыналъэм и щэнхабзэм и тхыдэмрэ и зэхэлыкIэмрэ ятеухуа къэхутэныгъэ купщафIэ куэд иригъэкIуэкIащ щIэныгъэлIым.

Апхуэдэ щIэныгъэ лэжьыгъэу 60-м нэс кьыпыкIащ Джырандокъуэм и къалэмыпэм.

Джырандокъуэр 1940 гъэм и мэлыхьыхь мазэм къыщалъхуащ Тэрч къуэрт къыхь Плановскэ (Ботэцей) къуажэм. Балиткъуэр, щIэныгъэ иэхъщхьэ, Iэщагъэ зригъэгъуэта нэужь, Михаил яп щыкIэ я къуажэ дэт курыт школым егъэджакIуэу щылэжьащ, ВЛКСМ-м и Тэрч райкомым и япэ секретару щытащ. Иужьк1э Налшык къашэри, къэрал мыхьэнэ зиIэ къулыкъуэхэр иГъэзэщIащ. Къэбэрдей-Балкъэрым ЩIэнхабзэмкIэ и министерствэм культпросвет лэжьыгъэмкIэ и щIэныгъэ-методикэ къудамэм и унафэщI къалэныр илъэс 14-кIэ дагъуэнIэу ирихьэкIащ, министерствэм и парт ячейкэми я пашэу щытащ. 1980 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс 30-м нэскIэ Къэбэрдей-Балкъэрым и «Союзпечать»-м (иджы «Роспечать») и тхьэмадзу лэжьащ, Iэнатlэр иригъэфIакIуэу.

ЗэфIэкIльагъэ щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ IэщагъэлIэр КъБР-м и лыкIуэу мызэ-мытIэу хэтащ дунейпсо, къэралпсо щэнхабзэ, щIалэгъуалэ зэхьхьэхэм, абыхэм я утыкуэхэм и гупсысэ зэ къыщIэнаIуэу, и Iуэху зехьэкIэ пэрытымкIэ нэгъуэщIхэм ядэгуашэу.

Иригъэкlуэкl щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэм, жылагъуэ Iуэхуэхэм къапэжIуэ къэрал гулыгъэ игъуэтащ Михаил. Абы къыхуагъэфэщащ СССР-м, КъБАССР-м ЩIэнхабзэмкIэ я министерствэхэм, Совет Нэхъыщхьэхэм я Президиумхэм я дамыгъэ лъапIэхэр, щIыхь, щытхъу тхьапэхэр.

Иджыблагъэ Джырандокъуэр «Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщIэщым къытхуеблэгъащ. Къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ жыджэрым и къежьакIыкIам теухуа упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.

РСФСР-м и «Роспечать»-м и унафэщI Михальчук Филипп, Михаил и щхьэгъусэ Джырандокъуэ Верэ, ипхъу Заремэ сымэ я гъусэу. *Налшык. 1980 гъэ*

ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я дунейпсо фестивалу Финляндием щекIуэкIам хэтахэу *(сэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ)* Къэжэр Петр, Бжэ1ымых Лолэ, Балькъэр Мухьэмэд, Зумакуловэ Танзиля, Джырандокъуэ Михаил, Сэбанщ Люся, Хьэхьуокъуэ Нартбий. *Хельсинки къалэ. 1962 гъэ*

Дзыхьымрэ гуращэмрэ

- УкъыщыхэкIа унагъуэмрэ уи сабингъуэмрэ ятеухуауэ сытхэр къыджепIэн, Михаил?

- Зауэ зэманымрэ абы и ужь лъэхъэнэмрэ хнубыдащ си сабингъуэр, ауэ, си насыщIи, слъэгъуами, сэ сщIэжыркъым зауэри, абы щыгъуэ дызыхэта щыщIэныгъэхэри гугъуехьхэри. Си адэ-анэ ЗхэЗмэзэгъ Таужанрэ, си шыпхъу нэхъыжь Майе сымэ жаIэж жыжьаныгъэмкIэ сыщыгъуаззэу аращ а зауэ гущIэгъуншэр зи щыIпIэм кьэсаугъэ зэрыщытам.

Си сабингъуэр Iэфlу щыгъуэ зэрыщымытам нэгъуэщI щхьэусыгъуэри иIэт: си анэр сымаджэрилъэурэ кьеКуэкIати, ар сыт щыгъуи си гум гуауэу илъащ...

Ди унагъуэр яп дыдэ колхозым хыхьащ щыгъуэ, зауэщ. Колхозхэр зэхэгъэхьэныр гугъуу зэрыщытамрэ абы бэлыхь, псом хуэмыдэу, си анэ тхьэмыщкIэм дишэчамрэ я гугъу фхуэзэмыщIыжу схуэшэчыныкъым. Нтlэ, сабий нэхъыжьыр иIэу ди анэр, ешхы хуэдэ нэгъуэщI кьуажэдэс бзылъхугъэхэми хуэдэ у, жащ-махуэ имыIэу губгъуэм илэжьхьыр, гущэри сабийхэри зэрыкIэрыщIауэ. Зыхуей хуэмыIэ бзылъхугъэ Iэпкъпльэпкъым узыфэ зэмылIужьыгъуэхэр хуэлъэхьурт. А зэманым ди щыпIэм кьыщыхьеяуэ щытащ техьэгъуэ уз щынагъуэр. Ар зэуэлахэм ди анэри ящыщащ. Ар пкъырбиту махуитIкIэ губгъуэм ясащ, кьамыгъэкIуэжу. Узым узэрыпэльэщыну щыIэр зы хущхъуэ закъуэтэ, абы ефэжи е нэхэр щIыскIыщт, е и кIуэшIэ дагъуэ гуэр иIэ хьурт, уемыфэми укьелъхьэнутэкьым, сытхэр я Iэмалт?.. КъарищIэнкIэ хьунур нэрылъагъуми, узыр кьыззэуэлIаэр а хущхъуэм ефащ. Махуэ зыбжанэ дэкIри, техьэгъуэр щхьэщыкIащ ди анэм, арщхьэкIэ и нитIым зыри ямылъагъуэ хьущ. Ди адэшхуэмрэ адэмрэ мамэ яшащ Налшыки, Псыхуаби, Владикавказ, Тэн Iуфэ Iус Ростовки щыIэ дохутырхэм я деж (нэхъ жьыжьэ Iуашыну Iэмал яIэтэжьым), арщхьэкIэ сымаджэм зыри сэбэн кьыхуэхъуакъым. Ауэ зыкъуэза дохутырхэм я языхэзым кьыжриIауэ жаIэж идкыри зы бын зригъэгъуэтмэ, мащIэу нэхъ мыхъуми и нэм илъагъу зэрыхъужинкIэ хьунур. Апхуэдэу сэ дунейм сыкъытехьащ, ауэ ди анэм и узынишагъэм абы зыкъыдигъэзэкIыжьм. Пэжу, ар тхуэпсэущ, зэрыхьукIэ и Iуэху Iыхьэ ищIэжу: си шыпхъур и дэIэпкъуэгъуэу пщэфIэфу, тхьэщIэфу, жьыщIэфу. Дэ нэхъ балигъ дыкъэхъуауэ нэхъ, Iуэхуэр зэрыщытхьыщIкъуащ. И нэм зэрримыльагъум хуэдэу, абы нэхъ кьбзэльабзэрэ гуакIуэрэ бзылъхугъэхэм яхэмытам ярейт. Уеблэмэ кьуажэм хьэщIыщхъэ кьэкIуа нэужь, абыхэм я гъэхьэщIэныр ди анэш-хуэмрэ ди анэмрэ пщэрыль кьыщащIу щытащ.

Ар щIыжьсIэжар, япэрауэ, властыр лъэ быдэкIэ увын папщIэ, а зэманым цIыхухэм ямыщIэн щымыIэу апхуэдэу зэрыщытарщ, етIуанэрауэ, япэрей адыгэ бзылъхугъэхэм я фэм дэкIамрэ абыхэм, сабий пIымрэ я унагъуэр зэхьэныкъуэкIыжьащ, къэрал Iуэхум зэрыщытын къару ини зэфIэкI льаги яIэу зэрыщытарщ.

А бгъэдэлъ сэкъатым кIымыгъэдзыкъу, ди анэр х ущIэкъуащ ди гур Iэфl ищIу, унагъуэм ди гупсэу щытыну. Ди адэр зауэм дэжа нэужь, унагъуэм аргуэру лепшхуэ кьыттехьащ. Хэкум ираш балькъэрхэм я гъусэу, дэ, зэрымыщIэкIэ, ди щIыпIэр дагъэбгынащ икIи Къэзахстаныр псэуплэ тхуэхъури илъэс зыбжанэкIэ абы щыщIэсэуащ. Абы щыгъуэ ди анэ щыпхъур ди гъусэу нэмыкIуатэмэ, щэч лъэпкъ хэльтэкъым зи нэм имыльагъу ди анэм сабитIыр дызэрыхуэмыхьумэнум, езыр щIыпIэ хамэм зэрыщыкIуэдынум. Зэман дэжри, си анэ дэлъхур абы нэжIауащ, зауэм кьмкIыжу, икIи лажьэ дызэримыIэмкIэ дэфтэрхэр зэрригъэпэщри дыкъыпшэжащ. Хэкум кьщыщIыдгъэжам, сэ илъэс 13-м сыхьыхьат.

Ди адэр и псэ емыблэжу зауэм Iутащ, и унагъуэм апхуэдэ лей кьыттехьауи щытащ. Иужьк1э ди адэри зауэм кьикIыжри, Iырныауэ шахтэм хьэлэлу илъэс куэдкIэ щылэжьащ, и унагъуэр зыхуей хуигъаззу, и бынхэм щэныгъэ, Iэщагъэ яригъэгъуэтыным хущIэкъуэ у. Балигъ сыхьуа нэужь, сэ а Iуэхум теухуа къэхутэныгъэхэр езгъэкIуэкIащ сипхъу Заремэ си гъусэу икIи къэзугъуея псори «Джырандокъуэхэ я льэпкъ Iалкъуэр» тхылым кьыщызгъэльэгъуэгъуэжащ. Псалъэм кьыдэкIуэу жысIэнщи, Геральдикэмкlэ урысейпсо зэгухьэныгъэм и дамыгъэ льапIэр а лэжьыгъэм папщIэ 2008 гъэм кьысхуагъэфэщащ щытащ.

- Уи сабингъуэр тыншу щымытами, абы щыгъуэ зэхуэщыщIахэм ящыщ куэдкIэ IкIэр кьыпхуэупсэжащ нужьк1э. Икlуа из хьужьркъым, дауи, ауэ уэ пльэкIащ уи щIалэгъуэр IуэхуэгъуэщхуэмкIэ гъэщIауэ, зыджэрэ епхьэкIын, кьыкIэлыкIуэ илъэсхэри къэрал мыхьэнэ зиIэ лэжьыгъэхэмкIи щызу упсэу, ажуупсэ нэу.

- Ар пэжщ. «Насыпыр зэи из хьуркъым», - жаIэ, атIэми зы льэпкъхэуэмкIэ у зыхужьщIэр адрей унэтIынытгъэмкIэ кьыщыпхущIегъуж гъащIэм. Плановскэ кьуажэм дэт курыт школыр екъуалIэныгъэ сиIэу 1958 гъэм кьэзуха нэужь, сэ а илъэс дыдэм урысыбгъэмрэ литературэмкIэ егъэзажьауэ сагъэуващ сызыщеджа школым. Сызэрыплажьэм хуэдэу, сэ, ЩIэнхабзэ и министерствэм и къудамэ си щIэныгъэ щыхьэгъэкIащ.

ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзгъэгъуэта нэужь, сагъэуващ ди школ унафэщIым ефэнджи эныгъэмкIэ и кIуэдзэ у. Ар хэварзынэу, дагъуэнщ1у ecхьэкIыу сылажьэрт, Iуэхур зэрегъэфIэкIуэнкIи сыхэту. Абы кьыдэкIуэу, комсомолым и Тэр чIыуей комитетым и япэ секретару сыщытащ. А кьалэнхэм ильэситI хуэдэкIэ сыпэрытауэ, 1966 гъэм лэжьакIуэ срагъэблэгъащ КъБАССР-м ЩIэнхабзэмкIэ и министерствэм. Хуабжьу сыдихьэхьу, щэнхабзэ Iуэхуэхэм зи щIалэгъуэхэр жьыджэру кьыззэрихьэсшэным сыпыпльу сыпэжьащ. А льэхъэнэм щIэныгъэ-къэхутэныгъэ Iуэхуэхэми зестащ. 1974 гъэм дунейм кьытехьащ си япэ тхылыр. Ар зытеухуар цIыхуэ гупсысэм зиужьыныкIэ щэнхабзэм иIэ мыхьэнэрт. «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу льэпкъхэм 1921 - 1937 гъэхэм я щэнхабзэм зэрызыужьар» темэм тещIыхьа си къэхутэныгъэхэр утыку кьисхьащ 1977 гъэм. А щIэныгъэ лэжьыгъэр екъулIэныгъэкIэ тхыгъэкIащ икIи тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат цIэр кьысфIащащ.

А лэжьыгъэхэм кьакIэлъыкIуащ нэгъуэщIхэри. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и клубхэм щекIуэкI хэкупсэ гъэсэныгъэр», «ЩIэнхабзэмрэ щIэблэ гъэсэныгъэмрэ», «ЩIэнхабзэ Iэнатlэхэм я кьалэн нэхъыщхьэхэр», нэгъуэщI щIэныгъэ журналым.

- Михаил, уэ уэхэтащ ЛIэужьгъуэ блэкIам и 60 - 70 гъэхэм екIуэкIауэ щыта щIалэгъуэрэ дунейпсо, къэралпсо, щыналъэпсо зэгухьэхэм. Абыхэм я гугъу кьытхуэпщыщхьамэ, ди гуапэ т,

- А льэныкъуэр кьапщтэми, хьэлэмэту, гъащIэгъуэну, купщафIэу кьекIуэкIащ си гъащIэр. Япэ дыдэ дунейпсо утыку сыщихьам щыгъуэ, сэ яджырэ КъБКъУ-м и ректорденттт. ЩIалэгъуалэ жыджэрхэм сращапхъэу сыкъалытэри, сагъэкIуауэ щытащ 1962 гъэм Финляндием и кьалащхьэ Хельсинки щекIуэкIа, ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я дунейпсо фестивалым. Абы сыкъыщыпсэльащ, ди къэралым щекIуэкI щIалэгъуалэ политикэм сыпепсэльхьэу. Фестивалым и лэжьыгъэм жыджэру сыз эрыхэтар кьалъытэри, Чехословакием и щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм сыхагъэхьауэ щытащ. Абы щыхьэт техьэу дамыгъэр си бгъэгъм ыкъхилъхьат ЧСМ-м и япэ секретарым.

Гукъинэ сщыхьуа Iуэхугъуэхэм ящыщ 1967 гъэм партым и ЦК-мрэ «ЩIэныгъэ» союзпсо зэгухьэныгъэмрэ я лыкIуэ гупым срагъэсу Италием щекIуэкIа дунейпсо зэхуэсым сыз эрыхэтар. Абы щыгъуэ Италием и компартым и пашэхэм срагъэблагъэри, абыхэм я япэ сьездым сыхэтауэ щытащ. Апхуэдэу 1971 гъэм и бадзэ уэгъуэ мазэм Ташкент щекIуэкIа Союзпсо симпозиумым ди республикэм кьыбгъэдэкIыу сыщыIащ. Къэбэрдей-Балкъэрым щIалэгъуалэм зэращIдзлажьэм теухуа докладышхуэ абы щысщIауэ щытащ. СощIэж, «Ленинизмэмрэ социалистическэ щэнхабзэмрэ» темэм теухуа си къэпсэльэныгъэр симпозиумым кьриихьэлIахэм гунэс ящыхьуэу зэрыщытар.

1972 гъэм и щыщхьэIум партым и ЦК-мрэ «ЩIэныгъэ» союзпсо зэгухьэныгъэмрэ сагъэкIуауэ щытащ Румынием щызэхэта, Этикэмкlэ дунейпсо конгресым. Къэрал 45-м щыщ цIыху 550-м сащыщу а къэралым сыщыкъэщIащ. Абыи доклад щысщIауэ щытащ. Ар теухуат Кавказ Ищхьэрэмрэ КъуэкIыпIэ къэралхэмрэ щекIуэкI эстетикэ гъэсэныгъэм. ЗэIущIэм и ужькIэ СССР-м щыщ гупыр щхьэхуэу дригъэблэгъауэ щытащ Румынием и щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм и пашэу абы щыгъуэ щыта, итlанэ абы и компартым и генеральнэ секретару илъэс куэдкIэ лэжьа Чаушеску Николае. Абы фэепль тыгъуэ бгъэхэу дахэ кьызитауэ щытащ.

«СССР-м и щIалэгъуалэр литературэмрэ фуазджэмрэ зэрыщIапIыкIыр» унэтIынытьэмкIэ Вильнюс щыIа союзпсо конференцми сыхэтащ нэхъ иужьыIуэжкIэ. Апхуэдэу ди къэралым и щыхьэр Москва, Ленинград, нэгъуэщI къалэхэми а льэхъэнэм щекIуэкIа зэIущIэ куэдым срагъэблагъу щытащ. Абыхэм кьадэкIуэу дыхэтт щIалэгъуалэ, щэнхабзэ зэпеуэхэм, епльныныгъэхэм, нэгъуэщI зэхьэзэхуэхэм, текIуэныгъэхэр кьыщыхтху. ЖыпIэнурамэ, си щIалэгъуэр Iуэхугъуэ хьэлэмэтхэмкIэ гъэщIагъуэ, етIысэхьпIэ симыIэу есхьэкIащ.

- Къэбэрдей-Балкъэрым и «Союзпечать»-м и унафэщIу ушыIэжьа илъэсхэм уэ пхуэзэфIэкIащ ар езым хуэдэ предприятэхэу къэралым щыIэхэм я кьэхьыфIхэм хебгъэльытэн. Абы и щыхьэтщ а льэхъэнэм унафэщIми Iэнатlэми кьыхуагъэфэщауэ щыта дамыгъэ льапIэхэр.

- Ильэс 30-м нэскIэ сыпэрытащ зи гугъу пщIы Iэнатlэм икIи лэжьыгъэм и кьыззэрэпщыкIэкIи Iуэху зехьэкIэки къэралым щыпэрыт апхуэдэ Iэнатlэхэм хабжэу дыкъекIуэкIын тхуэзфэкIащ. 1985 - 1993 гъэхэм «Печатным зезгъэубгъун» союзпсо журналым и редколлегием дыхэтащ, къэралым и нэгъуэщI тхылъ тедзапIэхэми жыджэру дадэлажьащ.

А льэхъэнэм ди Iуэхущапlэми абы и унафэщIхэми дамыгъэ льапIэ куэд кьытухуагъэфэщащ. Ахэр абы и гуп зэкъуэтым зэхуэдэу кьызэдэдгъэжащ, ди зэфIэкIрэ кьаурэ зэемылблэжу Iуэхум щыгъэрыбгъэдэтамкIэ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, СССР-м, УФ-м, КъБР-м Сиз-зымкIэ я министерствэхэм хьатхуагъэфэщауэ щыта дамыгъэхэр, щIыхь, щытхъу тхьапхэр, «Лэжьыгъэм и ветеран» медальр, щIэльапIэ-хэр, нэгъуэщIхэр.

А лэжьыгъэм кьыдэкIуэу абы щыгъуэ егъэджэныгъэгъэсэныгъэ къалэн щызгъэззэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэралым щIэныгъэ-къэхутэныгъэ щыщIыпIэ куэдым: Налшык, Москва, Омск, Тэн Iуфэ Iус Ростов, Мэхьэчкъалэ, нэгъуэщIхэми. Ахэр кьытрадзащ абыхэм кьыщыдэкI щIэныгъэ журналхэм, газетхэм. Иджы дыдэ си тхыгъэшхуэ кьытехуащ ЩIэнхабзэмрэ гъуэзджэмкIэ Москва дэт университетым кьыдигъэкI и щIэныгъэ журналым.

- Михаил, уэ уэхэтащ лIэужьгъуэ блэкIам и 60 - 70 гъэхэм екIуэкIауэ щыта щIалэгъуэрэ дунейпсо, щыналъэпсо зэгухьэхэм. Абыхэм я гугъу кьытхуэпщыщхьамэ, ди гуапэ т,

- А льэныкъуэр кьапщтэми, хьэлэмэту, гъащIэгъуэну, купщафIэу кьекIуэкIащ си гъащIэр. Япэ дыдэ дунейпсо утыку сыщихьам щыгъуэ, сэ яджырэ КъБКъУ-м и ректор-денттт. ЩIалэгъуалэ жыджэрхэм сращапхъэу сыкъалытэри, сагъэкIуауэ щытащ 1962 гъэм Финляндием и кьалащхьэ Хельсинки щекIуэкIа, ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я дунейпсо фестивалым. Абы сыкъыщыпсэльащ, ди къэралым щекIуэкI щIалэгъуалэ политикэм сыпепсэльхьэу. Фестивалым и лэжьыгъэм жыджэру сызэрыхэтар кьалъытэри, Чехословакием и щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм сыхагъэхьауэ щытащ. Абы щыхьэт техьэу дамыгъэр си бгъэгъм ыкъхилъхьат ЧСМ-м и япэ секретарым.

Гукъинэ сщыхьуа Iуэхугъуэхэм ящыщ 1967 гъэм партым и ЦК-мрэ «ЩIэныгъэ» союзпсо зэгухьэныгъэмрэ я лыкIуэ гупым срагъэсу Италием щекIуэкIа дунейпсо зэхуэсым сызэрыхэтар. Абы щыгъуэ Италием и компартым и пашэхэм срагъэблагъэри, абыхэм я япэ сьездым сыхэтауэ щытащ. Апхуэдэу 1971 гъэм и бадзэ уэгъуэ мазэм Ташкент щекIуэкIа Союзпсо симпозиумым ди республикэм кьыбгъэдэкIыу сыщыIащ. Къэбэрдей-Балкъэрым щIалэгъуалэм зэращIдзлажьэм теухуа докладышхуэ абы щысщIауэ щытащ. СощIэж, «Ленинизмэмрэ социалистическэ щэнхабзэмрэ» темэм теухуа си къэпсэльэныгъэр симпозиумым кьриихьэлIахэм гунэс ящыхьуэу зэрыщытар.

1972 гъэм и щыщхьэIум партым и ЦК-мрэ «ЩIэныгъэ» союзпсо зэгухьэныгъэмрэ сагъэкIуауэ щытащ Румынием щызэхэта, Этикэмкlэ дунейпсо конгресым. Къэрал 45-м щыщ цIыху 550-м сащыщу а къэралым сыщыкъэщIащ. Абыи доклад щысщIауэ щытащ. Ар теухуат Кавказ Ищхьэрэмрэ КъуэкIыпIэ къэралхэмрэ щекIуэкI эстетикэ гъэсэныгъэм. ЗэIущIэм и ужькIэ СССР-м щыщ гупыр щхьэхуэу дригъэблэгъауэ щытащ Румынием и щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм и пашэу абы щыгъуэ щыта, итlанэ абы и компартым и генеральнэ секретару илъэс куэдкIэ лэжьа Чаушеску Николае. Абы фэепль тыгъуэ бгъэхэу дахэ кьызитауэ щытащ.

«СССР-м и щIалэгъуалэр литературэмрэ фуазджэмрэ зэрыщIапIыкIыр» унэтIынытьэмкIэ Вильнюс щыIа союзпсо конференцми сыхэтащ нэхъ иужьыIуэжкIэ. Апхуэдэу ди къэралым и щы-

ЛIэужьым и лъэужьыфI

Очерк

ГъащIэм хабзэу къызэрыщекIуэкIщи, щыхур ныбжь гуэрым щынэскIэ, ар къикIуа гъэзугуанэм хуоплъэкIыж икIи, и гупсысэм щэщIауэ къыхэмыхьэми, гущIэм и зы планэпэ зыкъыщеIэтри, езыр зоупщIыж: Сыт си лъэужь? СыкъыщыхэкIа лъэпкъым и лIэужьым хуэфащэу сыпсэууэ пIэрэ? Сыт хуэдэ Iуэхущафэкlэ ягу сыкъинэну сызыхэт щIыхуэхэм, къэкIуэнур зи гъаззэ щIэблэм?

ДУНЕЙР тIэу пкIэгъуэ хуэмыхъуу, щIалэ щIыкIыр школ пщIантIэм дэлъэдащ. Абы иныгъ тлIимэ дахэу зэкIуэщIылъхьа, губгъуэм щылажьэ и къуажэгъуэхэм я теухуа тхыгъэ кIэщI щIыкIыр кьызытрадза газетыр. Ар и ныбжьэгъуэхэм яригъэлъагъунщ, захуигъэщIэгъуэнщ, егъэджакIуэр кьыщыхъунщ... Ауэ... зэщIэувыпкIыжащ. Узыщыгъхъуныныр кьызэремызэгъым теухуауэ и адэм кьыжриIахэр игу кьэкIыжри, урокым хуэмурэ щIыхьащ.

ЗыщыгуфIыкIа и тхыгъэм и ныбжьэгъуэхэм ящыщу зыри кьызэремыджар, зызыхуигъэщIэгъуэн гуэри зэримыгъэтар тIэкIуи и жагъуэ хьуауэ, щIалэ щIыкIыр (ар мы очеркыр зытеухуа, Плановскэ (Ботэцей) къуажэм щыщ, ноби Налшык щыпсэу Джырандокъуэ Михаилт) учэн кIуэжыр. Ар и ныбжьым хуумыгъэфащэну Iэмлъэчт, щхьэщ фIыщIэ Iувыр натIэ бгъуфIэм кьекIуу щызэлъэщIысат, и нэхэм фIэщхъуныгъэ гуэр кьозыт нэхугъэ щыщIыхьт. Къуажэхэм кьыщохьу апхуэдэ щIалэ щIыкIуэхэр - псоми фIыуэ ялъагъуу, гулъытэ лей хуащIу. Абыхэм ящыщт щIэ гъэфIэну «НатIэшхуэ» зыфIаща Джырандокъуэ Миши.

... ПщIантIэм кьыщыдэкIыжьым кьиулъэгъуащ машинэм кьикIыжауэ кьыдыхьэж Къыз Кабон. Ар директырат. Еджакlуэм зэрихабзэу, Мышэ директоремэ сэлам ирихьу блэкIынут, ауэ езы Къызым щIалэ щIыкIыр кьиГъэувыдэрэ: «Уи тхыгъэм деджащ. НатIэшхуэ, сыпщогугъ нэхъыби пхуэзфIэкIыну», - кьыжриIащ. Къыз Кабон къуэжэми Iэрч районми щыщIэрыIуэ егъэджакIуэт, уэзщIакIуэ щIэр зыхуэфащэ лIыт. Абы къуажэдэсхэм, жьыми, щIэми пщIэ яхуищIырт, а пщIэр сытым дежи хэпльагъуэрт еджакIуэми ирит гъэсэныгъэм. Къыз Кабон хуэдэ къуажэдэс нэхъыжьхэм ядилъэгъуэ щапхъэфIэращ Джырандокъуэ Михаил гъащIэ гъуэз хуэхъуар, ахэращ плъабжьэу яIэр и дуней тетыкIэм, щIэныгъэм кьыщIикIыа ехъуIэныгъэхэм.

Джырандокъуэм и гуращэр зытриухуэгъэ икIи дэзыхьэхыр тхэнырт, щэнхабзэмрэ цIыхум и зэхэщIыкIымрэ зэрызэхэхуэгъуэм теухуа къэхутэныгъэхэм хунэсынырт. КъБР-м, абы и мызакъуэу, Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу зэрызэхэхуэгъуэм ятеухуа тхыгъэхэр тхэлъ щхьэхуэу 55-рэ къытриригъэдзащ абы.

Джырандокъуэ Михаил и къэхутэныгъэхэр кууу къыщыдэщIикIуэжащ иджыблагъэ къыдигъэкIа «Культурная революция: миф или реальность» жьыхуиIэ тхылъым. ЩIэныгъэлым и къэхутэныгъэхэр щыхьэт зэрытехьэщIа, цIыхум зиузэщIыпапщIэ щэнхабзэм иIэ мыхьэнэр сыт хуэдэ лъэхъэнэми кьыщIыпытэн хуейщ.

ЦIыхур и гъащIэм щыхуозэ гуфIэгъуэ, гуауи, дэмыкIыфынкIэ къэзыгъэшIэ дзгъэзеигъуи, щIэгъэкъуэн кьыхуэхъу къаруи. Абыхэм дытопсэльыхь Мишэрэ сэрэ. Абы и гурыщIэм увыпIэ хэха щауфыщ и адэ-анэм ятеухуа гукъэкIыжхэм. Ахэр зэрыгъэнщIар БотэщкIэм и губгъуэхэм ита и адэмрэ анэмрэ зытеуха щIы кIалэхэр бынынсэм зэрызыхьащIар, езыр кьамылъху щIыкIэ абыхэм ягъуса фIэкI умыщIэу кьызэрыжиIэжыр - зы гукъэкIыжми ещхькъым... Хьэсэбгъум щытщ трактористэу ерджэу Къуажэм къэзыгъэззэжа и адэ Джырандокъуэ Хьэмзэтрэ абы и ныбжьэгъу Балъкъэр Баширэр. Я псалъэр акъужь мащIэм кьыхолъкI, я гъущIыщхэри хьэзыщ.

Илъэс зыбжанэкIэ трактористу лэжьа нэужь, Хьэмзэт комсомолым и жэрдэмкIэ Тырныауз щылэжьэну ягъакIуэ. «Зэм щыдыр дэтлъэфейуэ, зэм езы щыдым дыдриилъэфейуэ, бгъэмыдэкIырти, молибден кьыщIахар кьетшэхыу дылэжьащ», - жиIэжырт и адэм.

И гукъэкIыжхэм и анэ Таужан кьыщыхьхьэкIэ, Мишэ хэпщIыкIыу нэхъ нэщхьей мэхъу. Ар ящыщт колхоз губгъуэм япэу бельпэ кьыщызыIэтахэм. Жэщхэзу лажьэхэрт, уеблэмэ сабий цIынэ зиIэжар къаутIыпщIыртэкъым. Мишэ и анэм и нэхэм гугъуехьым хиха хэшм и зэранкIэ зыри ямылъагъуэ хъуащ.

Ещэлеинфъэ хэмылъу жьитIэнщи, Джырандокъуэ Михаил къигъэщIа ныбжьым кьриубыдэзу хуэзфIэкIащ льаганIэ куэдым лъэIэсэн. И щIэныгъэм дыщIигъуфащ и хьыбэхэкI дахэр - СССР-у щыта зэралышхуэм и лIыкIуэхэм яхэту ар щыпIэ куэдым щыщIа икIи хуэзфIэкIащ Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм щIеблэр гъэсэныкIэ мыхьэнэр иIэм утыкушхуэхэм щытепсэльыхьын. Дэнэкlэ имыгъэзами, сыт хуэдэ зэхуэс кьыщымипсэльами, хэт хуэмызами абы гъуэзэу и гъусэщ и къуажэгъу нэхъыжьхэу лъэпкъ тхыдэм и гур хуэзыгъэуша егъэджакIуэ Санэ Хьэчим, Мэмрэшхэ Альбинэрэ Хьэутийрэ, Къыз Хьэмырзэ, Джырандокъуэ Елмырзэ, ноби нэхъыжьыфIхэу жыIэм дэс Ахэмын Хьэлым, Абазэ Мишкэ сымэ кьатрихуа щапхъэр, абы я псалъэ Iущхэм кьыхиха гупсысэ нэхъыщхьэр: гупым зэрахьыхэр лъапэщи, кьаззэрыхэкIыжыр напэщ.

Япэ дыдэу гуращэ зыхуищIа журналист IэщIагъэри Джырандокъуэм и лэжьыгъэм и зы къудамэ хуэщ.

Уэ зыззэрыплъагъужрэкъым, атIэ къызэралъагъуращ, жеIэ лъэпкъ Iущыгъэм. Зи цIэр фIыкIэ ибжьэгъуэм я къыдэуэ хуащ.

Уэ зыззэрыплъагъужрэкъым, атIэ къызэралъагъуращ, жеIэ лъэпкъ Iущыгъэм. Зи цIэр фIыкIэ ибжьэгъуэм я къыдэуэ хуащ.

Джырандокъуэм и гъащIэмрэ и гущIэмрэ зы нэтынкIэ е зы тхыгъэкIэ къыпхуэзщIэкъуэнкъым.

- Псы ежэхэр зыкъ зэрызхуэжьмэ хуэдэу, лъэпкъхэри лакъуэ-лакъуэурэ къекIуэкIыурэ, я лIэужьхэр лIэщIыгъуэхэм щызэхохьэж. Ахэр жьгъашхуэхэм хуэдэщ. Джырандокъуэхэ я лъэпкъ жьгъейм и лъабжьэр куущ. Тхыдэ щIэнкIэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIи, езы Михаилрэ ипхъу Заремэрэ я Iэдакъэщ1экI «Генеалогия рода Герандоковых» зи фIэщыгъэ, 2007 гъэм кьыдэкIа тхылъ купщIафIэм кьызэрыщыгъэлъэгъуамкIи, ар къыщожь 13-нэ лIэщIыгъуэм. Абы и къудамэхэм задзурэ, 16-нэ лIэщIыгъуэм кьыхьхьащ Джырандокъуэ Мусэ кьытепщыкIахэр. Абыхэм яхьдолъагъуэ 1940 гъэм дунейм кьытехьа, я гъэм щыщIэдзауэ зи лIэужьыр бжьыблым иува Джырандокъуэ Михаил и унагъуэр: и щхьэгъусэ Верэ, и бынхэу Русланрэ Заремэрэ, кьуэрылъхуэху Аминрэ Идаррэ. ЛIэужьым и лъэужьыфIым лъэпкъым и кьуэпсэм зыщадз.

БЖЭНЫКIЭ Мухьэб,
КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.

Джырандокъуэ Михаил. *1967 гъэ*

Вильнюс дэт къэрал университетым и ректор Нежнов Геннадийрэ Джырандокъуэ Михаилрэ Румыннем щызэхэта дунейпсо конгрессым щызэхрихьэлIащ. *1972 гъэ*

И ныбжьэгъуэхэм яхэту *(сэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ):* Адыгэ Руслан, Хьэх Заурбий, балъкъэр композитор Байчекуев Абдин, Джырандокъуэ Михаил, Гъэнэ Борис сымэ. *Налшык. 1970 гъэ*

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъадис

Мэжджытым и инагъыр

● Гушыlэ

АДЫГЕЙМ кьикlыу хьэщlапlэ къэкlуа сохьустэхэм Дизкъуажэ ябгъэдэст. Абыхэм ящыщ зы я мэжджытхэм щытхъурт:

- Ди мэжджытыр лъагэщ, инщ, сажнэ тlощl и бгъуагъщ, сажнэ тlощlрэ щlыпlрэ и кlыхьагъщ, - жиlэрт абы.

Дизкъуажэ абы зыри пимыдзыжу зыкъомрэ щысащ. Иужькlэ, хьэщlэм щхьэщытхъуныр щимыгъабэяужьыхэхэм, Дизкъуажэ къыщlидзащ:

- А жьыуэпlэр мэжджытышхуэкъым. Ди мэжджытым и бгъуагъщ сажнищэ... - Ар щджикlэ дыдэм Дизкъуажэ зытепсэлъыхь а мэжджытым къикlыжауэ, хьэщlэхэм я гъусэ сохьусэтэр къыщыхьэжащ.

Дизкъуажэ щlыпуску закъыфlимыгъэщlын папщlэ, мэжджытым къикlыжар щилъагъум, и псальэр зэпигъэуащ. Арщхьэкlэ мэжджытым и бгъуагъыр зэхэзыха сохьустэхэм ящыщ зыр Дизкъуажэ къеупщlащ:

- Іэу, Дизкъуажэ, ар зи бгъуагъ мэжджытым и кlыхьагъыр дэнэ нэсыжра? - жиlэри.

- А и бгъуагъым хуэфэщэну и кlыхьагъри къыпхуэзгъуэтыжьыфынут, ауэ а мэжджытым къикlыжа мо фи гъусэр зэран къысхуэхъуащ, - щыжиlэм Дизкъуажэ, хьэщlэхэм загъэгусащ.

- Уэ ди мэжджытыр зэрymилъэгъуам къыхэкlыу, пцlы пхуэдупсу къэпльытащ, - жаlэри.

КЪАРДЭНГЪУЩl Зырамыку.

● Ди сурэт гъэтlылъыгъэхэр

Адыгэ шууейхэм я еплъыныгъэ Москва Уг Пlтъыжьым щокlуэкl. *1801 гъэ*

Адыгэ гвардием и зэфlэкlыр урыс пащтыхь Александр I ирагъэпъагъу. *1806 гъэ*
Сурэтхэр зыщlар нау эхъым. Аизр Едыдж Батырай къыдитащ.

Хьэпшыр

Рассказ

ГЪАТХЭ дыгъэм и бзий Іэфlхэр, щlэщыгъуэхэр, псэр зыхуэлlахэр зытезгъэпсэн, зыхэзымыгъэкlыжу, къыслъыс Іыхьэр къыlэщlэсхьн мурад сиlэу, щхъуантlагъэрэ дахагъэкlэ гъэнщlа зыгъэпсэхупlэ паркым ит тетlысхьэпlэхэм ящыщ зым сыщетlысэжащ. Гъатхэмрэ лъагэуныгъэмрэ зэхэткlухьу зэрызэхэшпсыхьыжар уи фlэщ зыщ lащlалэгъуалэр факъырэ бззэру щызэхуэсат, игушат ихъуреягъым. Щlалэхэмрэ хьыджабзхэмрэ я нэгум иплъагъуэрт моуэ гур къэзыгъэщlэрэщlэж гугъапlэ-хъуэпсапlэ кlапэльапэхэр. Нэхугъэ куэдрэ щlэбзагуэ, я нэхэр къэпльэжами ярейт. Зыгуэрым гурыбгъэIуэну, и акъылым нэпхуэсыну мытынш щытыкlэ гъэщlэгъуэн гуэрхэм псэр щыхэджэразэ, гъащlэм уи гур хуэзыгъуэсэ макъамэхэмкlэ бзу цlыкlуэхэр къыщытхуэупсэ мыпхуэдэ зэманыр къызэрымыкlуэ нэкъыфlэщlым къыхэтэджыкlа жэнэт пэльытэщ. Щхьэр зыдэназ, псэм и хъуэпсапlэ куэдым я лъагъуэм ухуеизджэ гупсысэхэр щхьэхуимыту гум щыпфlызэтрешэ, зищlыс дыдэри нэсу пхуэзэмыгъэкl нэхугъэ гуэрхэм ахуеГъэпабгъэ.

Апхуэдэ нахуапlэ телъыджащэм си гур сфlыхэ ззэрыхьауэ сызэщысым, си гупркlэ къыщыт тетlысхьэпlэ бгъуфlэщхуэм пэгъунэгъуу щылъ хьэпшыр цlыкlур, зи цыпэр дыгъэм пэлыдыр, къэслъэгъуащ. Зи шхэни, зи джэгуни, зи къуейщlеини къезыхьлэIэу щхьэпридзыжу жея сабий гъэфlэн нэIурыт цlыкlу гуэр фlэкlа ар зэрыпщlэн щыlэтэкъым. И лъакъуэ кlэщl быхъутlэхэр щlэукъуэдиикlарэ, тlэкlуи хэпырхъыкlрэ жьпlэу, мы дуней псом щызекlуи щызежи абы и жейр яхъумэ фlэщlрэ, иту тlасхъэ щlыкlур къыхэмыщту щылъщ.

Абдежьм си щхьэм щыкlэрэхъуа, щызэблэкlа гупсысэ зэхуэмыдэхэм жьгъеифэ къасфыТеуэжри, зэбгрыщэщыжащ, драпхьенуэ лъэныкъуэ куэдым дзэуэша хъуа фlэкlа умыщlэну. Иджы мы псэущхьэ щыкlуэ щыгъуэ плъапlэ схуэхъуащи, абы и гъащlэр, и дунейр зызогъэзахуэ, гуькlэ зэIыопщlыкl: гъуэ иIи хуэдэкъым, зеиншэ щlыкlу, мыгъуэу арагъэнщ. Къыщхьэщыжьыни къыкъуэмытмэ, дауэ? Сыт хуэдиз хэшхуэжьхэр щызеуэрэ ихъуреягъым! Тегушхуэгъуэ-

●Хъыбарегъащlэ

Щоджэнцlыкlу Алий и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым 2010 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м щекlуэкlынущ Къэбэрдей-Балькъэрым и «Общежитхэм я зэгухьэныгъэ» жылагъуэ организацэм и зэIущlэ.

Абы щытепсэлъыхьынущ общежитхэм щlэсхэр нобэ зыгъэпlейтей Іуэхугъуэхэм.

Сыхьэт 14-м щlидзэну зэIущlэм республикэм и общежитхэм щыпсэуэхэр ирагъэблагъэ.

фlэ ящlрэ къытелъэмэ... Къэзылъхуа, къыдалъхуа хуэдэхэр дэнэ щыIэу пIэрэ? Хьэмэрэ хьэм я хабзэр нэгъуэщI - дунейм кьытехьамэ, адэкlэ езым и щхьэ иплъжьи, и псэ ихъумэжьи хуейуэ ара? Ари сыту хабзэ гущIэгъунтш. Армырауи сощIри, щхьэ и закъуэ къэнэнкlэ хъуа мыбы фlэкlа зи мыныбжь насыпыншэ цlыкIур? «Насыпыншэри» схьауэ щхьэ кlэрыгъэIэлъэрэ? Дэнэ щысщIэн сэ абы хуэдэхэм насыпу къалъытэр. ИтIани, мыпхуэдэу зеиншафэу сызэрыIууам щхьэкlэ ибэ хъурейуэ къысщохьу икlи сигу щIогъу, сытощыныхь и гъащIэм... Хьэуэ, а сэ сщIэри тэмэму къыщIэкlынукъым: нэхъыфlым еджэн хуейщ сыт щыгъуи. Мыбы и «Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ» гъунэгъуу щыIэщ, езы цlыкIур и щхьэзыфlэфlыгъэкlэ къаIэщIэкlэуэ аркъудейщ. Псори зыгъафlэу къащхьэщыт, къатепсэ дыгъэм и Іумэтым итщ мыри, къеХъумэ пльыр нэсу. Сэри си пащхьэм кlилъ псэущхьэ цlыкlум си нэlэ тезмыгъэтын слъэкlыркъым. Зыгуэр теуВэмэ жьзоIэри, блэкlкъыблэкlыжхэм нэкlэ сагурыIуэурэ я лъабжьэм щыIэ жейнэд цlыкlум гу лъезгъэтэну сыхэтщ.

Ауэрэ, сигу зыхуэмыгъуэ хьэпшыр цlыкlум нэхъри сытегужьеикI мэхъу. Гъуэгурыкlуэхэри хэти къыщэтоувыIэри абы къопсалъэ, хэти игу щIэгъу щlыкlэу къодэхащIэ. Кlыхьу зызыукъуэдияуэ щылъ цlыкlум псэ хэмытыж зыфlэщIхэри къахокI. Абы зигу щIэгъуаХэр къыбгъэдолъадэри и нэ цlыкlур Іэпэкlэ къызэтрах, занщIэуи ягу къызэрыгъуэтыжауэ я гъуэгу тоувэж.

Хьэпшырым езыми зэзмызэ щхьэхуэнэ-щхьэхынэу и щхьэр къеIэт, и тхъэкlумабгъуэ кlэщI пащIэхэр къресэ, занщIэуи зегъэукlуриижри, и жей Іэфlым пещэж. МащIэ дыдэщ гулъытэнщэу блэкlыр, уеблэмэ зауэтIакъуэхъхэщ. Сэри хьэпшыр цlыкlуи сыгъэшэуа хъуа фlэкlа умыщIэну. Иджы мы псэущхьэ цlыкlур плъапlэ схуэхъуащи, абы и гъащIэр, и дунейр зызогъэзахуэ, гуькlэ зэIыопщlыкl: гъуэ иIи хуэдэкъым, зеиншэ щlыкlу, мыгъуэу арагъэнщ. Къыщхьэщыжьыни къыкъуэмытмэ, дауэ? Сыт хуэдиз хэшхуэжьхэр щызеуэрэ ихъуреягъым! Тегушхуэгъуэ-

угъуэрлыхэм зэ сащIэпlалъэну, иц щабэ дахэ щlыкlуэм Іэ дэслъэну зыщlзгъэхьэзыр дакъикъэм къэхъуам ущIэмыущIэ. Метритым нэс зи кlыхьагъын хъыджэбз зэIэщIэлъэшхуэ напщIэуфэ-зэхэуфа гуэр къэсри, си гъэфlэн цlыкlУм и тхъэкlУмэ лъэныкъуэм теуВащ, и туфлъэ лъэдакъэ папщIэр хиукIэу! Абдежьм зызэрысщIынымрэ мо тхъэмыщкlэ цlыкlум хуэсщIэфынымрэ зэпэсшэчыхуф пlалъэу пlар, гур икъугъэу хьэ пщIэу макъ къэIуным. Гулъытэншэ, гудзакъэншэ хъыджэбзым къыIэщIэщIамкlэ игъэкъуэншэн къилъыкъуэ щlыкlэу щlыкlэ-рокI, ищlам зыкlи иримыгъэмщIу. КIуэцIрокI, нэхъ хуабжь зищIарэ псэущхьэ хей цlыкlум и тхъэкlУмэр зэрыпхуида и вакъэм дуней псор къиГъэпсалъэрэ жьпIэу, и макъым езы дыдэри шэчыгъуей щIэхъукlыу. Ихъуреягъыр къызэхуэсащи, хьэ цlыкlУм и гуIэгъуэм, насыпыншагъэм ирогузавэ, ягу щIогъу. Ауэ зыми зыри хуищIэфыркъым. Зыри зыбгъэдигъэхьэркъым, зригъэкlуалIэркъым. Къыщохъу цlыхуу цlыкlуу IэрэщIигъуэу къыхущIэмыкlаIуэ, псоми лей къытрагъэхьэну. Къытеувэу зыгъэгуIар кlылъхъуэ щlыкlэу, хъурейуэ къежьхь. ИтIанэ, и закъ икlа цlыкlУмкlэ пщIэууэ щIопхъуэри, и занщIэр и Іуэгуу мажэ, гуныкъуэгъуэм зыщIиуIалIарэ уIэгъэм игъэгъзу. Мажэ, къемыплъэкlыу. Къызэхуэсахэри зэбгрокlыж, я гур къутауэ.

А псор зи нэгу щIэкlа сэ сыщытщ, си гур къуэзауэ, си лъэр къэпхъэным дэнам ещхьу, сухэзэблэмыхыу. Сытми, хуэмурэ зыкъызощIэжри, сыкъыщиуду сыгъын хьэзыру, хьэпшыр цlыкlум къытеспыха насыпыншагъэмкlэ си щхьэм къуанщагъэрэ мыгъуагъэрэ хуэсхьыжу, паркым сыкъокlыж.

Гуэгушыхъукlэу къытхуигъэбырыбу дыгъэм зыкъызэрытхъуитхъащIэгъэ и бзий дыщафэхэм я зы кlаци бгъуэтмэ, къащтэ. Дыгъэр тегушхуэгъуафlэ ящIу, къуэзылъэфа пшэжьхэм дунейр къыттрагъэункlыфlэу я гур къыттезэгъами ярейуэ, нэхугъэр лъэныкъуэ иragъэзри, пагэу уафэ псор зэщIаубыдащ.

Сэ сыздэкlуэм уафэхъуэпскlымрэ уафэгъуагъуэмрэ я макъым къыхукlыу къысфlощI хьэпшыр насыпыншэ цlыкlум и гуIэ макъыр, куэдрэ си тхъэкlуэмэм имыкlар.

ЖАМБЭЧ Рабия.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **5.** Языныкъуэхэм ар къагъэсэбэн тутын щефэкlэ. **8.** Адыгэр нэхьапэм нэгъуэщIхэм дыкъызэрацIыхуу щыта лъэпкъыщIэ. **9.** Чы упсахуэ. **10.** Жэз, гъуапlъ хуэдэхэр зэрадыж. **11**. Щхьэгъубжэ ... **13**. ... жьгъей. **15**.Ныкъуасаныгъэ, дерт. **16**. Іэщ гуп. **18**. Сабийхэр (хъыджэбз цlыкlУхэр) зэрыджэгу хьэпшыр. **20**. Іэпкъльэпкъ зэкlуж зиIэ щlалэ. **23**. Хадэхэкl. **26**. Ди библиотекэм... гъэщIэгъуэн куэд щIэлъщ. **27**. Итъэсищым ит щыщIэ. **28**. ІэмыкIуэлъэмыкIуэ. **31**. ІэщIэвыщIэ гуп. **32**. Іуащхьэмахуэ щыгу япэу дэкlа адыгэлI. **33**. КъурIэн цlыкlУ. **36**. Адыгэ композитор щэджащэ, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтыр зрата. **37**. Хьэцэпэщэ пыупщlа, мыIуэжауэ. **38**. ... зыщlа щlалэм и мурадыр псоми даIыгъащ. **40**. Псым ихьыр абы йопхуэу. Е къэцэпэцэ пъэдий закъуэ. **41**. ЖьантIэ. **42**. Зи ... исым и уэрэд жеIэ. **44**. ЕуэкIыпIэ. **47**. Гъуа, псы-Іагъэ зыщIэмытыж. **48**. Бжьэхэм кърахьэлIэ фоупс пIащIэ. **50**. Псыр, щэр щагъэпщтыркlэ къыздрехуей. **52**. Уафэм къех мыл тыкъыр цlыкlУ. **53**. Уэрэд гууз. **54**. Унэ щащIкlэ блыныр захуэрэ къуанщэрэ зэреплъ Іэмэпсымэ. **55**. Адыгэ драматург цlэрыIуэ.

Къехьу: **1.** Іуэху кьызэхьулlэ, насыпыфlэ. **2**. Анэкъилъху. **3**. Жьгъэр зи псэупlэ псэущхьэ кlэ баринэ. **4**. Псыежэх кьиуа. **6**. Дунейр щыпlыIэм дежунащхьэхэм, жьгъыщхьэхэм трищIэ уэс пIащIэ. **7**. Къъуейм, къэбым, нэгъуэщI ерыскъыпхъэхэм къытгаегъэжа Іыхьэ. **12**. Псы, гъэщ зэрызэрахьэ кумбыгъэ. **14**. УнэлъащIэм щыщ. **17**. Псэуалъэм и щхьэм блыным джIуэу къыпытатIэ. **19**. ЩIэжьей. **21**. Адэ-анэр апхуэдизкlэ гуфIэщати, ... къатекIауэ къащыхьущ. **22**. Унэм ибгъу. **24**. Зи купсэр сыр удз лIэужьыгъуэ. Адыгэм игъащIэмии яшх. **25**. Джэджьейм хуэлъэ къуалэбзу е адыгэ бзылъхугъэхэм кьахэкlа пшынауэ нэхъ щIэрыIуэ дыдэм и унэщIэр. **29**. Къуатlбзуущхуэ. **30**. Пхъэ уадэшхуэ. **34**.Ефэндыхым я нэхъыщхьэ. **35**. Школым щаджпредмет. **39**. УэрэджьыIакIуэ цlэрыIуэ Кобзон Иосиф къызыхэкlа лъэпкъыр. **40**. ЩакIуэ фочыщэу къагъэсэбэн бдзащIэ хъурей цlыкlУ. **43**. Мыл ... **44**. Хъыжьыкlуэ, къэрэгъул ... **45**. « ... Мурат» - Къардэнгъущl Зырамыку, Къуныжь Хьэждал сымэ ягъэзащIэу щыта адыгэ уэрэдыжь. **46**. Ахъшэ. **49**. Пасэм Іуэхугъуэшхуэ гуэрым щытепсэлъыхьу щыта эхуэс. **51**. Фадэ гуащIэ.

Зэхэзыльхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Мэлыжьыхьым и 17-м ди газетым тета псальэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **1.** Тыхъужь. **3**. ЩIхьэлыкъуэ. **7**. Аккыл. **10**. Шэмэдж. **12**. Пэшэж. **13**. Къазыщ. **14**. Жинт. **15**. Кьунан. **18**. Нысэ. **20**. Губгъуэ. **22**. Оперэ. **23**. Къураты. **24**. Елэн. **25**. Хьэжьы. **28**. Тэрч. **30**. Дашу. **36**. Арахъэ. **37**. Уардэ. **38**. Щэращ. **39**. Тхъуэжь. **40**. Джэримэс. **41**. Мыщэ.

Къехьу: **1**. ТIэшу. **2**. Хьурмыж. **4**. Хьэпэ. **5**. Лашын. **6**. Къуажэ. **8**. Кьэзан. **9**. Лапэ. II. Джанэ. **13**. Кьанж. **16**. Анзорей. **17**. Мэлыжьыкъыжь. **19**. Сценэ. **21**. Бланэ. **26**. Аркъэ. **27**. Даущ. **28**. Трамэ. **29**. Верди. **31**. Угъурлы. **32**. Щlант. **33**. Шухьэ. **34**. КIуэкIуэ. **35**. Кьущхьэ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъадис

Хьэпшыр

ГЪАТХЭ дыгъэм и бзий Іэфlхэр, щlэщыгъуэхэр, псэр зыхуэлlахэр зытезгъэпсэн, зыхэзымыгъэкlыжу, къыслъыс Іыхьэр къыlэщIэсхьн мурад сиlэу, щхъуантlагъэрэ дахагъэкlэ гъэнщlа зыгъэпсэхупlэ паркым ит тетlысхьэпlэхэм ящыщ зым сыщетlысэжащ. Гъатхэмрэ лъагэуныгъэмрэ зэхэтkIухьу зэрызэхэшпсыхьыжар уи фlэщ зыщI щlалэгъуалэр факъырэ бззэру щызэхуэсат, игушат ихъуреягъым. Щlалэхэмрэ хьыджабзхэмрэ я нэгум иплъагъуэрт моуэ гур къэзыгъэщIэрэщIэж гугъапlэ-хъуэпсапlэ кlапэльапэхэр. Нэхугъэ куэдрэ щlэбзагуэ, я нэхэр къэпльэжами ярейт. Зыгуэрым гурыбгъэIуэну, и акъылым нэпхуэсыну мытынш щытыкlэ гъэщIэгъуэн гуэрхэм псэр щыхэджэразэ, гъащIэм уи гур хуэзыгъуэсэ макъамэхэмкlэ бзу цlыкlуэхэр къыщытхуэупсэ мыпхуэдэ зэманыр къызэрымыкlуэ нэкъыфlэщlым къыхэтэджыкlа жэнэт пэльытэщ. Щхьэр зыдэназ, псэм и хъуэпсапlэ куэдым я лъагъуэм ухуеизджэ гупсысэхэр щхьэхуимыту гум щыпфlызэтрешэ, зищlыс дыдэри нэсу пхуэзэмыгъэкl нэхугъэ гуэрхэм ахуеГъэпабгъэ.

Апхуэдэ нахуапlэ телъыджащэм си гур сфlыхэ ззэрыхьауэ сызэщысым, си гупркlэ къыщыт тетlысхьэпlэ бгъуфlэщхуэм пэгъунэгъуу щылъ хьэпшыр цlыкlур, зи цыпэр дыгъэм пэлыдыр, къэслъэгъуащ. Зи шхэни, зи джэгуни, зи къуейщIеини къезыхьлэIэу щхьэпридзыжу жея сабий гъэфlэн нэIурыт цlыкlу гуэр фlэкlа ар зэрыпщIэн щыIэтэкъым. И лъакъуэ кlэщI быхъутlэхэр щIэукъуэдиикlарэ, тlэкlуи хэпырхъыкlрэ жьпIэу, мы дуней псом щызекlуи щызежи абы и жейр яхъумэ фlэщIрэ, иту тlасхъэ щlыкlур къыхэмыщту щылъщ.

Абдежьм си щхьэм щыкlэрэхъуа, щызэблэкlа гупсысэ зэхуэмыдэхэм жьгъеифэ къасфыТеуэжри, зэбгрыщэщыжащ, драпхьенуэ лъэныкъуэ куэдым дзэуэша хъуа фlэкlа умыщIэну. Иджы мы псэущхьэ цlыкlур плъапlэ схуэхъуащи, абы и гъащIэр, и дунейр зызогъэзахуэ, гуькlэ зэIыопщlыкl: гъуэ иIи хуэдэкъым, зеиншэ щlыкlу, мыгъуэу арагъэнщ. Къыщхьэщыжьыни къыкъуэмытмэ, дауэ? Сыт хуэдиз хэшхуэжьхэр щызеуэрэ ихъуреягъым! Тегушхуэгъуэ-

●Хъыбарегъащlэ

Щоджэнцlыкlу Алий и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэрым и «Общежитхэм я зэгухьэныгъэ» жылагъуэ организацэм и зэIущlэ.

Абы щытепсэлъыхьынущ общежитхэм щlэсхэр нобэ зыгъэпlейтей Іуэхугъуэхэм.

Сыхьэт 14-м щlидзэну зэIущlэм республикэм и общежитхэм щыпсэуэхэр ирагъэблагъэ.

Мэжджытым и инагъыр

● Гушыlэ

АДЫГЕЙМ кьикlыу хьэщlапlэ къэкlуа сохьустэхэм Дизкъуажэ ябгъэдэст. Абыхэм ящыщ зы я мэжджытхэм щытхъурт:

- Ди мэжджытыр лъагэщ, инщ, сажнэ тlощl и бгъуагъщ, сажнэ тlощlрэ щlыпlрэ и кlыхьагъщ, - жиlэрт абы.

Дизкъуажэ абы зыри пимыдзыжу зыкъомрэ щысащ. Иужькlэ, хьэщlэм щхьэщытхъуныр щимыгъабэяужьыхэхэм, Дизкъуажэ къыщIидзащ:

- А жьыуэпlэр мэжджытышхуэкъым. Ди мэжджытым и бгъуагъщ сажнищэ... - Ар щджикlэ дыдэм Дизкъуажэ зытепсэлъыхь а мэжджытым къикlыжауэ, хьэщlэхэм я гъусэ сохьусэтэр къыщыхьэжащ.

Дизкъуажэ щlыпуску закъыфlимыгъэщlын папщlэ, мэжджытым къикlыжар щилъагъум, и псальэр зэпигъэуащ. Арщхьэкlэ мэжджытым и бгъуагъыр зэхэзыха сохьустэхэм ящыщ зыр Дизкъуажэ къеупщlащ:

- Іэу, Дизкъуажэ, ар зи бгъуагъ мэжджытым и кlыхьагъыр дэнэ нэсыжра? - жиlэри.

- А и бгъуагъым хуэфэщэну и кlыхьагъри къыпхуэзгъуэтыжьыфынут, ауэ а мэжджытым къикlыжа мо фи гъусэр зэран къысхуэхъуащ, - щыжиlэм Дизкъуажэ, хьэщlэхэм загъэгусащ.

- Уэ ди мэжджытыр зэрymилъэгъуам къыхэкlыу, пцlы пхуэдупсу къэпльытащ, - жаlэри.

КЪАРДЭНГЪУЩl Зырамыку.

● Сомыр кlэпlейкlэ-кlэпlейкlэурэ зэхэльщ.
● Узым зыдэбгъэшмэ, узыIэпешэ.
● УзытелIэ нэхърэ - кьыптелIэ.
● УкIытэмрэ нэхъуеймрэ щIыхугъэм и дамыгъщ.
● Фlы пщIаУ ущIэмыфыгъуж.
● Хьэ закъуэрэ лIы закъуэрэ уатемыгъуэ.

● Псалъэжьхэр

УзытелIэ нэхърэ - къыптелIэ

● Щlыхуфl и фlыщlэ ихъуэныжьыркъым.
● Шэ щlымами гу шынамкlэ зегъаэз.

● Жьыгъуэхэр

Лъагъуныгъэм и пэр зэрымыщIэм къыхокI

● Хьэл пхуэхунур пщIэнукъым.
● Кьыумыщlакlэм нэхърэ, кьыпщабзыщlыр нэ хъ щжщ.
● Гумрэ щхьэмрэ щlыщэмыакъылэгъу умыIэжь.
● Фошыгъупскlэ лажьэ бжьэм фо ищlыркъым.
● Іэфlу пшхыр гум кьонэж,ебгъэнэкыр кlапщlэм макlуэри йотIысхьэ.
● Зыри зэрымыщIэр къэпщIэжмэ, зыбзыщl: зым фlэтхъэмыщlкlэ ухъунщ, адрейм зыкьыпфlэщыжауэ къыфlэщIынщи, емыкlу укъищIынщ.
● Мыlэрысэм щхьэж кьызыхунгъэщlар Іупщl ещl: Ныютон хуэдэм щхьэ фlэщIи тохуэ, кьэнам я ныбэм йокlуадэ.
● Делафа зэпlплъым ту къыпlльтэ.
● Лъагъуныгъэм и пэр зэрымыщIэм кьыхокI, и кlэри кьызыхэкlам хохьэж.
● Адэ псори дэкъым, ана псори нэхъым.
● Дадэ кьуапэри ядакъым: мыхьэнур пасэу мэтlыгъуэ.
● Хабзэм ебакъуэр тутнакъэщым щIобакъэуэ.
● Щlыхуэгъэм есэну хэпхъкlэр, пъэбагъуэр иоззгъ, ауэ ухэlэбэу идэркъым - зэуэ мэкlуэщI.
● Іэнэ: адыгагъэр щагъэльагъуэ, псэукlэр къэзыгъэльагъуэ утыкущI.
● Щlыхум и уасэр зыхуэдизыр текlуадэм къуеГаащI.
● Іужьхтъобзэ нэсыр и жэуапым пэпльэу тIысыжьыркъым.
● Дыгъэм ещхьу, сохураным щхьэ ещI.
● Кьыпхуэщапlэр яхуэпщlэжьыр зырикlт, я гум илъри къэпщIэн хуэмейтэмэ.

БЕЙТЫГЪУЭН Сафарбий.

● Лъэпкъ щхьныгъуэхэр

Къэб шыпс

КЪЭБЫР ЯТХЬЭЩI, ялъэщIыжри Іупщlэурэ зэгуауэ, жьлохэр къыдэкlуэ. Іэщ ящlыжьыр, и фэр дэгъэзэеуэ шыуаным иралъхьэ, псы щlыIэ тlэкlу щlакlэри, и щхьэр теплаУэ хъабапlэм ягъэуф. Къэбэн щхьэкlэ зэщитlрэ махуитlкlэ щlагъэт. Кьимыкlыу, пщIыщlэ къуэ. Итlанэ мафlэм трагъэувэри дакъикъэ 15-кlэ къагъэкъуалъэ. Иужькlэ кхъуэнэкlэ я, фошыгъу халъхьэ, зэ къагъэкъуэлъэжри зэlащIэ, кхъуэщыным иракlэри, и щхьэр щхьэщыпхыкlауэ щlыIапlэ ягъэуф. Къэб шыпсыр щlымахуэ шхыну щытащ. Ар сырын хуейщ, арынщэмэ щlэхьву зэкlуэкlынущ.

Яшхьыну къыщащтэкlэ, шыпсыр зэlащIэ. Ар шэ е шатэ хакlэурэ бжэмышхкlэ яшх, щlакъуэ, кьэжын, мэжаджэ, лкъым и гъусэу.

Шыпсыр пIащIэ дыдэ ящlыркъым. Ар шэкlэ е шатэкlэ зэlыпхьж хъуурэ щытын хуейщ.

Щlыбжипсыр зэрагъэхьэзыр: шыбжий сыр тхьэщlар тlущыуэ зэпаупщlри псы къавэм халъхьэ. И щхьэр трапlэри, мафlэ щабэм тету дакъикъи 10-15-кlэ ягъэвэ. Япlапlуэр ар кхъуэнэ щабэкlэ язык.

Халъхьэхэр (щlыку тlощl lыхьэ): фошыгъуу - г 100, жьлэ зыкlыIуть кьэжьу - г 2500, кьэбыр зэрагъэзвэну псыуэ - г 1150, шыбжий сыр гъэгъуауэ - г 20, шыбжийр зэрагъэзвэну псыуэ - г 800, пчъэ ауэ ущыIуауэ - г 460.

Лъыр зыгъэкъабзэ, фlыуэ зезыгъакIуэ

● Фэ фщIэрэ?

ХЫВ ШАГЭР ягъэвжа нэужь, тхъур зэlымыхьэу мазитlщыкlэ щытщ, щlыпlапlэ ямыгъэувми.

* * *

ДЖЭДЖЬЕЙ, гуэгуш шырхэм бкъыныхуу, бжьыи щlынэхэм я тхъэмпэр щlыкlуэщlыуурэ зэпагъэльэгъри, хуэнщlеим хэпщауэ гъатхэм ирагъэшх. Абы витамин куэд хэлъщи, а шыр щlыкlуэр мысымаджэу, нэхъ къаруэ яIэу кьохуэ икlи шхэрей ещI.

* * *

НЭщI МАЗЭМ гъущI гуахъуэкlэ, бжьмышхкlэ ушхэну гуэныхъыщхъэ пылъу къалытэ.

* * *

ЗИ ЛЪХУЭГЪУЭ хъуа жэмыр ирапхыркъым, зитхьэлэжьынкlэ хъунущ.

* * *

ЛЫ ЗИ МАЩIЭ щlыкlуэм нэхъ ишхырейуэ щытын хуейщ бжьыныбгъ щыпсыр. Абы лъыр егъэкъабзэ, фlыуэ зэрегъакIуэ.

КЪУБГИЙ Борис.

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар щХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФlЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛегИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖъхlЭмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Гъущlо Зарий, Кьардэн Маритэ, Ныбжьэ Таисэ, Хьэжьыкъарэ Алик.**

ДИ ХЭщIАПЭР

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и цlэр зезыхь уэрам, 5,ебгъуанэ - епщlанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкlэ 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхуэщlапlэхэм я дзэлъжьныкъуэкlэ - 42-60-53; хъыбарыщlэхэмкlэ, спортымрэ пасымохэмкlэ - 42-22-88; еГъджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 47-32-15; зэдзэкlакlуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхуэщlапlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Гедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщlэТта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытехэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкlэр зэтехуу зэныту щытыкlым. Газетыр Іэ тезыдзэхэм яхуэхьныр и пщIэ дальщ КъБР-м федеральнэ пощт зэныщlэныгъэхэмкlэ и управленом.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щныкlэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34.

● ● ●